

POESAKA-SOENDA

DIKALOEARKEUN KOE PAGOEJOBAN

JAVA-INSTITUUT

Anoe djadi Redactie: Dr. R. A. HOESHIN DJAJADININGRAT.

J. KATS. M. SOERADIRADJA.

TOEDJOEL BERAT: — SALEMBA 25 — WELTEVREDEN

Pangaosna langganan Poesaka-Soenda dina sataoen ti Juli d.k. Juni f 3.—
 Pangaosna hidji (sadjilid) Poesaka-Soenda, ngagaleuh ngètèng . . . 0.30
 Pangaos samboeng-lajang (advertentie) dina P. S. sakatja. . . . 20.—
 Satengah katja f 12¹/₂, Saparapat katja. . . . 7.50
 dina sakali kaloear.

Oepami ngalangan samboeng-lajang langkoeng mirah.

Eusina P. S. No. 3.

1. Wajang Madija kènging
J. Kats. katja 33
2. Pikeun pangeling-ngeling ka
djaman keur di nagara Wa-
landa ti R. M. Mr. Gondo-
winoto " 36
3. Kangdjeng Preboe Prang We-
dono (Goegoeloe kamadjoean
kènging A. Muhlenfeld " 40
4. Kaprabon Karaton Mangkoe-
nagara karangan Hadiwidjojo " 43
5. Pangeran Mangkoenagara IV
Boedjangga Ahli Hakekat
karangan R. Wedyodiningrat " 46
6. Mangkoenagaran karangan
Dr. D. A. Rinkes. " 49
7. Djenengan Prangwadono sa-
reng Mangkoenagoro kènging
R. A. Dr. Hoesein Djajadi-
ningrat " 52

Wajang Madija

kènging
J. Kats.

Dina ngawitanana Adiparwa, nja èta boekoe ka hidji tina anoe dalapan welas djilid lalakon Mahabharata tèa, kaoengel jèn Radja Djanamadja ngadamel korban — oraj (slangen — offer), koe margi mana anoe djenengan Pariksit poepoesna lantaran dipatjok oraj Taksaka. Sadaja oraj kedah dipaèhan, kadjabi oraj anoe boga dosa tèa. Koe margi èta, Kangdjeng Radja ngoengoen diroengroeng woejoeng sababaraha lamina. Pikeun ngaledjar manahna, nja ladjeng Bagawan Waicampajana njarioskeun toetoeranana perang

III 102 33

428

Korawa sareng Pandawa, nja éta anoe gelar djadi lalakon Mahabarata tèa.

Eusina éta tjarios Mahabarata tamatna ngan dongkap ka lalakon poeto Ardjoena anoe djenengan Parikesit (Perekesit). Aja, dina panoengtoenganana kaoengel lalakon Djanamedjaja, poetra Perekesit, kitoe ogè moeng sapotong.

Koe margi éta, lalakon wajang Poerwa ogè anoe pakemna tina boekoe anoe 18 djilid tèa; nja ngan dongkap ka lalakon Parikesit deui. Noemoetkeun paham oerang Djawa, éta tèh lalakon ti taoen 1 dongkap ka taoen 785.

Kadjabi ti geus ngaloehoengkeun ka loeloe hoer alam koena pisan, ieu ilaharna dieunteupkeunana kana alam Wajang tèa, ajeuna aja deui anoe karasa koedoe didjoengdjoeng diloehoengkeun, nja éta para Radja anoe kaoengel dina sadjarah Djawa, boh anoe enja asoep kana sadjarah, boh anoe ngan asal anggitan baé woengkoel. Tapi tangtos pisan kedah aja tjortjoranana anoe kènging dianggo njamboengkeun ti anoe laloehoeng dina Wajang tèa, sing djol tepi ka radja-radja Djawa.

Nja njandak para satria Pandawa didamel galoer dipindahkeun ka anoe saktin piloejoeun di dieu, nja éta lalakon Pandji (Wajang Gedog), lalakon Damar Woelan (Wajang Klitik).

Koe margi diatoer kitoe nja gelar lalakon anoe ngawajangkeun Radja-Radja tepi ka djaman Madjapait.

Tapi henteu ngaroentoej, aja djaman anoe lowong antara Wajang Poerwa, anoe disangka panoetoeapanana dina taoen 785 tèa sareng ngamimitianana alam Wajang Gedog, anoe tjeuk paham oerang Djawa mimiti ti taoen 1052.

Djadi dina antarana mah, ti taoen 785 tepi ka taoen 1052 tèa, teu aja lalakonna, teu aja wajangna.

Ieu perkawis, nja disaroengsoem diajoe man koe P. A. A. Mangkoe Negoro ka IV

Doepi P. A. A. Mangkoe Negoro ka IV tèh, boedjangga Djawa anoe kawentar ahli ngoelik èlmoe Kasoesastran (Letterkund) tanah Djawa; nja ladjeng ngarakit sareng ngempelkeun lalakon pikeun

njamboengkeun doea djaman anoe selaselana teu atjan aja lalakon wajangna tèa, nja éta antara wajang Poerwa (wiwitan, pangheulana) sareng wajang Gedog.

Ari anggitanana tèa nja anoe diseboet Wajang Madija tèa.

Djadi ajeuna mah loe joe poegoeh roentoetanana, mimiti Wajang Poerwa, ditèma koe Wajang Madija, ditèma deui koe Wajang Gedog, (sok diseboet Wajang Antara), ari ti dieu ditèma deui panoetoeapna koe Wajang Wasana, atawa anoe diseboet Wajang Kilitik tèa. (Wajang Gedog sareng Wajang Kilitik sok dikoemkeun disebut Wajang Wasana).

Djadi sadjarah Djawa tèh ajeuna mah geus beunang diwajangkeun sagemblengna, awit ti alam koena toeg tepi ka alam Madjapait.

Tapi éta anoe aja tèh masih keneh baé karaos henteu atjan gembleng pisan, da sabèhdieueun Madjapait mah teu aja. Koe margi éta dina taoen 1894 Radén Danoeatmadja parantos ngarang (ngaratjik) lalakon-lalakon wajang ti alam Madjapait tepi ka alam perang Dipenegoro, anoe biasa diseboet Wajang Doepara tèa.

Djadi salsilahna lalakon Wajang tèh kieu ringkesan tjaritana djeung parèlèanana:

Wajang Poerwa.

Ti alam wiwitan dongkap ka Radja Parikesit.

Wajang Madija.

Ti awit poetra Parikesit anoe djenengan Joedajana dongkap ka Radja Djajalengkara.

Wajang Antara (Wajang Gedog).

Ti awit poetra Djajalengkara anoe djenengan Sri Gatajoe (R. Soebrata), dongkap ka Pandji Koeda Lalèjan.

Wajang Wasana (Wajang Kilitik atawa Wajang Kroentjil).

Ti awit Radja Bandjaran Sari, poetoena Pandji (Maèsa Tandraman, nja éta Pandji Koeda Lalèjan) dongkap ka Brawidjaja panoetoeap, Radja Madjapait.

Wajang Doepara.

Ti awit Radja-radja Madjapait dongkap ka Diponegoro.

Doepi lalakon-lalakonna wajang Madija tèh babakoena kènging njoetat tina boekoe Poestaka Radja karangan Ronggowarsito, anoe eusina éta boekoe njarioskeun Sadjarah Tanah Djawa, basana aloes pisan kawantoe anggitan boedjangga pamoengkas", ngal. tjaritana rëa anoe diratjik dirandjing randjing koe panjipta andjeunna nana.

Ngawitanana éta roentoejan lalakon tèa henten sadajana sami. Réréana njabatkeun jèn sadajana poeta Parekesit tèh kalebet kana alam Poerwa, tapi andjeunna tèh ongkoh kacngel dianggo ngawitan dina Wajang Madijo deui. (Anoe dina Adiparwa disebut Djanamadaja, dina pakem lalakon wajang mah henteu aja).

Ari éta lalakon-lalakon tèa poko ratjikanana tjojog sareng oengalna Wajang Poerwa. Djadi kieu bèrëndèlanana: Ngakawè, keun, sareng ngababar anoe baris djadi djedjer tjarios. Njarioskeun medalna Radja anoe djadi moesoeh. Njarioskeun lampah anoe djadi loeloege lalakon sareng toengtoengna anoe disebut bagian Toetasanana.

Dina Wajang Madija para satria-satria deui anoe pada dilalakonkeun tèh, ditjarioskeun perkawis kasenangannana sareng kasangsaraanana, sarta mimitina koedoe baè kasangsara heula, ari noetoepeunana oenggal-oenggal lalakon tèh geus tara aja robahna tangtue njarioskeun meunang perang ngèlèhkeun moesoeh.

Dina sagala roepi poko lalakonna dina Wajang Madija tèh, nja noemoetkeun Wajang Poerwa sagala oenak-anikna sami baè, aja sadaja, nja éta: nèangan atawa mareboetkeun poetri.

Anoe kagoengan anggitan parantos ngadamel woedjoed wajang anjar diroepakeun Genderewo kadèwatan, anoe biasana tji-tjingna di tempat Satria-satria. Ari éta Genderewo tèh sakti manggoelang-manggoeling, koe margi éta dina lalakon-lalakon tèh manèhna anoe ngaramèkeun toer matak hèlok deui, nepi ka djadi tamba bosen kana bagian anoe sèdjèn, anoe mèh teu aja ganti-gantina ngan sakaroepa baè tèa.

Eta anoe kagoengan anggitan tèh kapoendjoelanana, lain ngan dina iasa nga-

rakitna lalakon woengkoel, da randjingnana lalakon tèa mah réréana disangadja henteu leuwih aloes ti manan Poerwa tjaringan anoe geus kakontjara tèa, tapi nja éta iasa ngadamel anoe anjar, panambah satria satria sareng boeta anoe geus aja.

Ari anoe dianggo wajangna, wajang Madja tèh, nja sami baè sareng wajang Poerwa, pada tina koelit didamelna, dalah bangoenna ogè ari sirah djeung awak mah nja sapertos Wajang Poerwa baè. Doepi bagian ka handapna niron Wajang Gedog.

Aja ogè robahanana, teu sami pisan sareng dina Wajang Poerwa nja éta dina geloeng, ari geloeng Wajang Madija mah antara „Soepit-oerang" sareng „Keling". (Tingali gambarna).

Wajang lalaki marakè keris sapertos Wajang Gedog, sareng wajang awèwè sapalih marakè karembong. Ari Genderewo wajangna sapalih mah sapertos boeta baè, ngan sirah djeung beungeutna rëkaan anjar.

Keur djaman K. P. Mangkoe Negoro ka IV ngawajang Madijo tèh nganggo gamelan-barang dibèntenkeun ti dina ngawajang Poerwa, anoe biasana nganggo salèndro, ari dina ngawajang Gedog nganggo pèlog. Sok radjeun ogè ngawajang Gedog nganggo gamelan-barang, tapi ngan oekoer dina waktoena bagian noetoepeun lalakon tèa baè, palebah „Toetasan" tèa, kinten-kinten ti awit taboeh 3 djanari.

Ari gamelan anoe dianggo dina ngawajang Madijo, sakoemaha anoe parantos ditjarioskeun tadi nganggo gamelan-barang tèa, sarta lagoe-lagoena èstoe gendingan K. P. Mangkoe Negoro ka IV koe andjeun. Moeng, matak handjakal pisan, rèh henteu kantos ditjatet, doegi ka sapoeoesna anoe kagoengan gendingan, sareng satilar-na najaga-najagana lagoe-lagoena ogè réréana laleungitan moesna teu aja anoe terang.

Lalakon Wajang Madijo dianggitna kinten-kinten dina taen 1880 nanging teu patos nerekab, anoe sok ngawajang lalakon wajang Madijo tèh, ngan oekoer di salelewék Mangkoenagaran baè, kitoe ogè ngan alam K. P. Mangkoenagoro ka IV tèa baè K. P. Mangkoe Negoro ka VI

kantos njanggakeun salinanana pakem Wajang Madijo tèa ka Kangdjeng Soenan. Nanging di karaton ogè awis-awis ngawajang nganggo lalakon Madijo tèh.

Koe oerang Djawa wajang Madijo tèh teu pati dipikaresep. Ari lantaranana pèdah oerang dèsa geus ti baheula tabah kana lalakon-lalakon Wajang Poerwa, Wajang Gedog sareng Wajang Kilitik tèa, sadaja apal kana ngaran satria-satria sarta katjida dipikaresepna. Atoeh nja kantenan baè, panambahna ka noe bieu teh, djeneangan Radja-Radja, boeta-boeta sareng Genderewo anoe tina wajang Madijo tèa ngolèmbar atawa nambag toeroeg-toeroeg henteu nganggo patokan asal, tangtos baè hèsè asoepna kana pikiranana oerang dèsa tèh.

Djoemblah lalakonna noemoetkeun anoe njarios, sadajana aja 90. (Moenggoeh dina lalakon Poerwa, Gedog, sareng Klitik mah, lalakon-lalakonna tèh henteu poegoe roentoejanana).

Aja ogè hidji-hidjieun ngaran wajang na tina Wajang Madijo anoe tepi ka nerekab ka dèsa-dèsa, malah sok dilalakonkeun koe noe ngawajang kakapeungan baè mah.

Anoe pang-pangna nja èta: Gendrajana sareng sadèrèk-sadèrèkna, Soedasana, Angling Darma (Noemoetkeun katrangan K. P. Prang Wedono, Angling Darma tèh, kawasna Radja Djawa baheula anoe djeneangan Airlangga tèa), sareng Djajabaja. Dina ngawajang lalakon ieu anoe dianggo wajangna, wajang — Poerwa.

Naha jasana P. A. A. Mangkoe Negoro IV tèh tina perkawis ieu, bakal moal aja tapakna, moal kapendak boeahna?

Oerang sadaja pada terang jèn P. A. A. Mangkoe Negoro anoe ka VII, kawentar gedè pitandangna, sarta katjida ngamadjoekunana kana soemoekawis poesaka-èlmoe kadjawaan sareng kabinangkitanana — malah ieu ogè karangan tèh rèreana nja katrangan pasihan ti andjeunna — parantos ngadawoehkeun kieu:

Engkè dimana sadjarah Djawa geus dirakit noeroetkeun patokan èlmoe, ieu lalakon-lalakon tèh kawasna bakal kènging dianggo, nja èta wajang-wajangna baris soeroep oepami dianggo dina tjarita-tjari-

ta Djawa Koena. Lantaran ieu mah wajangna barang anjar djadi henteu katjangtjang teuing koe adat anoe aja ajeuna, nepi ka bakal bisa njoemponan kana pamendoetna oerang Djawa anoe palinter (ontwikkelden) anoe dina ajeuna-ajeuna ieu sering djaradi saer, harojong njinggetkeun waktoena ngawajang, oelah sapeuting djepoet, tapi diatoer sing bisa dina tiloe opat djam baè.

Djadi èta lalakon wajang Madija anggitan K. P. A. A. Mangkoenagoro ka IV tèa, saparantos aja robahan pinganggou-nana, aja areup areupeunana tiasa dihoedangkeun deui, koe oesaha Radja anoe nèma sapengkereun andjeunna; sareng bakal djadi pakakas geusan ngaliarkeun toegoena sadjarah Djawa alam koena ka sadaja djelema.

Pikeun pangling-ngeling ka djaman keur di nagara Walanda

ti

R. M. Mr. Gondowinoto

Dina hidji dinten èndjing èndjing taoen 1913 nalika koering ngaliwt ka Groenmarkt di den Haag, tèh ti djalan anoe ti Leiden, tempat koering matoeh, koering ningal bangsa koering anoe narembe soemping ka nagara Walanda keur ngararioeng dina latar café restaurant „Het gouden hoofd” didjedjeran koe poen doeloer sarta aja di antawis rioengan-rioengan oerang Eropa anoe harita keur maroengpoeng di dinja.

Sanadjan sareng anoe nembè saroemping tèh koering teu wawoeh, tapi oedjoeg oedjoeg ngarasa sono baé, tina katingal jèn èta tèh bangsa koering, sarta barang geus digeroan koe poen doeloer, toeloer koering miloe ngarioeng, sanggeus wawawoehan sareng tatamoe tatamoe tèa. Teu salah ti sangka, enja eta teh bangsa koering ti Djawa, nja èta Kangdjeng Pangeran Ario Hanga-behi poeta Kangdjeng Sinochoen Solo anoe tjikal, sareng pangiringna, ka doea Raden Mas Ario Soerjasoeparta ka-



G. Kandjeng Ratoe Timoer — R. A. Koesemo Warfhani — P. A. A. P. Prangwadono

III n03 p36 bis

432

di poetra Kangdjeng Goesti Pangeran Adipati Ario Mangkoenagoro ka VI anoe padamelanana harita kana Djoeroe basa di Solo. Doeanana arangkatna ka nagara Walanda teh, lantaran harojong ngadjembarkeun kaoningana, horojong tingali koe andjeun koemaha kaajaan tanah sareng oerang Eropa di nagarana, babakoenana nja hojong taringali nagara Walanda. Doepi R. M. A. Soeriosoeparto mah djabi ti kitoe teh sareng bade nambahan elmoe baris ladjeng diadjar noemoetkeun tjara tjara prak prakana kaeropaankeun, anoe bade dioelik perkawis basa basa Hindia, bababakoena basa Djawa.

Ari eta R. M. A. Soeriosoeparto teh nonoman anoe gedé topékna kana diadjar, nadjan andjeunna ngan oekoer kaloe-ran sakola handap tapi kaoningana tina perkawis kaajaan tanah Hindia lain loe-majan, meh teu aja kapetolanana.

Dina salami oesoem Zomer (moesim panas) andjeunna ngadjrekna di den Haag, sarta engke dimana ganti moesim bakal ngalih ka Leiden, bakal teroes matoeh di dinja reh bade ngiring diadjar di Universiteit, soepados tiasa ngoelik elmoe elmoe kaperloean Bestuur Ambtenaar, sareng dibaroeng koe ngoelik basa Djawa sareng basa Sangskrit, nja eta anoe djadi keperloean dina padamelanana djadi djoe-roe basa tea.

Koe margi harita di Leiden teu atjan rea student oerang Hindia, koering sering pisan dongkap ka andjeunna di Achelpenkade. Andjeunna pangandjrekanana sakoeamboeh sareng R. M. Soemitro poetra Kangdjeng Dalem Bandjarnegara, anoe ajeuna njepeng damel djadi Commissaris Poelisi klas I di Bandoeng, sareng R. M. Notosworo anoe ajeuna djadi Gewestelijke Arts di Banjoewangi.

Koe margi sering silih andjangan sareng sering patepang tea sareng R. M. A. Soerio soeparto, koering tiasa nangenan, jèn andjeunna teh, lain ngan pedah pinter rea kaoninga seukeut woengkoel hormateunana teh, eta koe djeung aloes adatna, goembira, anggang tina ngarasoela, tegetara gantjang gedag kaanginan.

Dina oesoem tiris sering pisan ari koering keur ngarioeng di kamana teh dipangmaoskeun atawa ditjariosan pasal-pasal tina boekoe „Tjentini” nja eta boekoe anoe ngandoeng elmoe Kadjawaan, anoe djadi djedjer lalakonna Amongrogo.

Saparantos koering loma enja sareng andjeunna, nembè koering terang leres, naon margina noe mawi andjeunna sakitoe kapati-patina koe eta boekoe, sareng Amongrogo anoe koe andjeunna didamel goeroe.


Eta boekoe pang didamel ageman saktioe digoelang gaperna, reh tiasa djadi obor sareng djadi pangbeberah pangleledjar dina nalika andjeunna kataradjang kabalangsakan, kasangsara teu kagoengan damel, ngoelintjer di tanah Djawa ngilari padamelan, diiring koe rentjangna saorang, sering angkat njatat atawa toenggang karèta api kelas III, ngarereb di sakasampeurna. Nja eusi Tjen tina, toeladan Ki Amongrogo anoe negerkeun kana manahna, sarta djadi pangdjoeroeng kana djoedjoerna lakoe, teu kandedeg pegat di djalan, doegi ka toemindak di kamoeljaan.

Dina nalika eta, noedjoe kènging tjotjoba estoe aja dina kalaraan, ngarandapan sangsara anoe bèn ditoeun sangsara. Naon margina noe mawi dongkap ka kitoe?


Nalika andjeunna moerangkalih kènèh sanggeus ramana, nja eta K. Preboe Mangkoe Negoro ka V poepoes, ladjeng dirorok koe sadèrèk ramana, anoe ngagentos kaprabon djoemeneng Mangkoe Negara ka VI.

Ti moemoerangkalihna kènèh andjeunna teh geus kaantjikan kahojong kana liar ti Solo, kadjoeroeng koe sipat djanglar perbawa lampar, manah salamina motèkar, henteu betah ngahenang ngahening nadjan aja di lebet karaton.


Koe margi eta saparantos medal ti sakola, ladjeng moendoet widi ka kapi ramana tea, baris ngantoenkeun dajeh bali geusanna ngadjadi, hojong diadjar matjakkal ngilari pangoepa djiwa koe andjeun. Nadjan noemoetkeun kabiasaan harita di Djawa moenggoeh dina martabat andjeunna.



Wajang Gedog.



Wajang Madya.



Wajang Poerwa.

483 bis

15 ans, 3762

na teu kedah aja deui damel djaba ti ngan koedoe senang, nanging teu dianggo owel, ladjeng baè angkat ngantoeunkeun Solo, tina gedèna wawanèn, nadjan harita mah kawasna kadjoeroeng koe kamoerangkalian.

Koe R. M. Soeriosoeparto tjoel baè dikantoeun saniskanten anoe bakal djadi djalan kana pangkat kapangagoengan, tjadangan poetra-poetra radja atawa toeroenan radja tèh, andjeunna mah anggoer angkat saparan-paran teu poegoeh anoe didjoeg-djoeg, ngambangkeun kersa, kadar noe bakal toemiba kana salira.

Teu lami andjeunna ladjeng ngamagang di hidji Boepati di basisir Kaler tanah Djawa. Nja ti harita andjeunna nembè oeninga di „dame!” ngaolaan doenoengan anoe keras getol djeung tjepet bener.

Tadi anoe kasorang koe andjeunna ka toemaninahan senang teu aja karingrang, nanging ajeuna èta dikantoeun, kedah ngambah noe repet tarèngtong pinoeh koe batoe, roengseb pinoeh koe tjoetjoek, sarta komo ari kabèhditoeunana deui mah, barris langkoeng goerawes langkoeng rèa anoe djadi wagelanana.

Nanging sadjeroning andjeunna njepeung damel sanadjan poetra radja, toeroenan pangagoeng loehoer, teu pisan dianggo kamegahan, teu aja pisan ngabèdakeunana salira ti anoe rèa, nja kitoe deui ka doenoengan, nja sakoemaha koedoena anoe koemawoela baè.

Kaabotan anoe djadi tanggoengan karaos koe andjeunna, gadjih teu kènging dibèbèr-bèbèr, padamelan tambah meuwuh koe doenoengan dipoeok koe haok.

Sakitoe deui teu welèh prihatin teu tinggal ti katawekalan. Tina gadjih anoe teu rèa tèa sapalih dipaksakeun ditjandak keur waragad diadjar nambihan pangarti. Iasa naèk-naèk kapangkatanana, dongkap ka djadi Mantri Kaboepatèn. Nanging tina Mantri Kaboepaten, lantaran pakè trok nepi ka moendoet lirèn, badè ngilari deui padamelan sanès.

Ti dieu awitna andjeunna njeorang toenggara manah anoe banget, lantaran roepiroepi kasangsaraan, ider-ideran ngilari da-

mel, Tampolana dongkap ka teu kagoengan keur salin, panganggo moeng anoe raket dina salira. Nanging nadjan ngagilintjing aja dina kalaraan, teu pisan petot ihtiar. Ari anoe djadi pangleledjar manah, taja lian ngan ngaos boekoe Tjantini tèa, anoe eusina karaos matak djadi pangreugreug galih, sareng Amongrogo noe ngadjoeroeng lakoe, nepi ka teu roeboeh koe pakèwoeh, tawekal mapaj djalan ihtiar tèa.

Nanging saniskanten ogè kedah aja toengtoengan, lara bagdja tara lana, nja kitoe deui kasangsaraan R. M. A. Soeriosoeparto bakal kasilih koe marga lantaran anoe brasna kana kamoeljaan, bakal linggih dina poepoetjoeking kaagoengan.

Kaleresan aja lowongan Djoeroe-basa di Soerakarta. R. M. A. Soeriosoeparto babalagondjangan ngiring ngalamar èta kapangkatan. Rèa anoe kaget ningali di antara bèrèndèlan anoe ngalalamar èta padamelan tèh, bet njelap aja Djenengan andjeunna, tina katerang anoe lian mah, teu aja deui ngan R. M. A. Soeriosoeparto tèh oeroet Mantri Kaboepatèn, henteu aja katjaritakeunana meunang pangadjaran loehoer

Nanging èta kapangkatan tiasa ragrag kana pananganana, nja èta lantaran koe toean van Wijk anoe harita djadi Resedèn di Solo, saparantos djongkok sareng andjeunna, kaoeninga jen èta anoe diadjak tjarios tèh sanès djelema loemajan.

Barang dek djadi Djoeroe-basa oedjoeg-oedjoeg kaanggo baè koe noe ti loehoer. Saparantos njepeung èta padamelan andjeunna iasa ngalaksanakeun pamaksoedan anoe parantos lami dikandoeng dina kalboena, nja èta hojong angkat ka Eropa, ngoelik èlmoe di nagara Walanda, geusan nambahan kaoeningana, tina roemaos ngan oekoer kaloearan sakola handap anoe rèa pisan kakiranganana.

Saparantos kawidian verlot nja Djengkar ka Eropa sasarengan sareng Pangeran Hangabehi tèa.

Di nagara Walanda R. M. A. Soeriosoeparto ngandjrek di Leiden, ngiring kana diadjar perkawis Oostersche Letteren. Selang-selang tina ngoelik pangadjaran, an-

djeunna sok ngarang boekoe-boekoe keur
Balè-poestaka sapertos perkawis per-
jalanana ka Eropa, sareng sok njali-
nan karangan Boedjangga Hindoe Rabin-
dranath Tagore, sareng tina karangan
M. Notosoeroto, disalinna kana basa
Djawa.

Estoening matak kagèt ari ngemoetkeun
ana kaseukeutanana, rèh pilakadar ka-
loearan sakola handap, tepikeun ka iasa
njalin gedichten (basa dangding) anoe
akitoe loehoerna sakitoe baranggana,
loer keuna sarta katepi rasana. Kadjabl
ti kitoe tèh deui èta matak hèran koe
anganggona, ahli toetoeloeng teu aja
jegikanana, pikatjonggaheun noe lian,
sarèhsèh goembira salalawasna. Nalika
ja salah saeorang rèntjang diadjar, oe-
ang dieu, anoe kawon èksamenna, an-
djeunna anoe geus gentèng kadèkna legok
pakna, iasa moekproek ngahoedangkeun
eui napsena èta anoe keur kataradjang
liwoeng, nepi ka ladjeng kersaeun ngawa-
ahnakeun andjeun ngiring deui diadjar,
ja doegi ka hasilna kènging èksamen
dina taen pajoenna.

Nalika aja geundjeung-geundjeung
perkawis badè ngajakeun Militie pikeun
orang priboemi, geusan pangdjaga tanah
Hindia, diwawar boh koe lisan boh koe
erat-serat kabar, djadi toengtoeng tja-
toer sadajana. Oerang dieu anoe keur
diadjar di nagara Walanda tèa ogè hen-
eu tjaritjingeun, nja R. M. Notosoeroto
sareng R. M. A. Soerjoseparto pada-pada
henteu rerempoegan heula, ladjeng ma-
oendoet djadi Militie, tina arandjeunna
katjida sapoekna kana èta atoeran, saka-
lian bari nembongkeun wadjib sarta ka-
oehoeanana Vorstenlanden ka Paamarèn-
tah Nederlan.

Pikeun lebet kana Militie tèa kedah aja
baidin ti Minister van Kolonie sareng ti
Seri Maha Radja. Ieu ogè poeta Hindia
anoe doeaar tèh ladjeng ngalebetkeun
djoendjoek deui sarta dikaboel teu aja
wagelanana.

Kawadjiban sareng katoehoean R. M. A.
Soerjoseparto tèa henteu dimomorèkeun
koe Pamarèntah, boekti dina pangangken

anoe ti loehoer, nadjan andjeunna teu ka-
goengan diploma anoe ninggang kana ka-
mistian djadi opsir, tapi teu boeroeng
diangkat kana èta kapangkatan. Sa-
reng aja deui margina anoe sanès, anoe
ditjileuk koe andjeunna pang lebet kana
reservekader.

Moenggoeh pikeun salirana, sanes ka-
loearan sakola loehoer, teu diploma-diplo-
ma atjan, ajeuna iasa senang sareng asa
geus teu aja pikaharinghangeun. Nanging
kitoe deui henteu pisan mastikeun, naha
èta sang kalaraan sareng sang kabalang-
sakan, anoe tadi kakara alaloendoer tèh
ti wangkid andjeunna didjoengdjoeng kana
Djoeroe-basa Djawa tèa, enja bakal sala-
lawasna anggang tina salirana, moal nga-
goda laralik deui tjara tadi.

Oepami andjeunna iasa ngoedag pang-
kat opsir tèa, nembè bakal reugreug pa-
geuh moal dirèwong koe kahariwang, sar-
ta bakal aja tanggèlan geusan djalan ki-
pajah noe tangtoe. Sarta aja kersana eng-
kè dimana geus moelih ka lemah tjaina
baris nembongkeun boekti ka oerang Dja-
wa, jèn di nagara Walanda ogè, oerang
bisa meunang gawè dina roepa-roepa ka-
pangkatan. Dalah salirana koe andjeun
anoe teu ngantongan piagem, ngan koe
lantaran teroes diadjar, teu boeroeng kè-
nging pangkat anoe loehoer, tanda jèn di
nagara Walandana tèh hnteu gaplah moe-
bah teu poegoeh.

Kabiroejoengan koe wahjoe, nja laksana
tèa iasa djadi opsir. Ajeuna andjeunna ma-
joenan deui damel anoe obat pisan, ngan
sanès abot koe koerat-karèt masakat tjara
keur ngamagang tèa, ieu mah karipoeh
salira ngalakonan kamilisian.

Anoe henteu biasa mah nganggo sapatoe
soldadoe, anoe rebèh mèh masagi, koelitna
rarengkeng kendewil, mangkaning mang
djam-djam dipakè diadjar baris, sanès
siksaan loeloemajanan.

Nanging dasar djelema tawekal teu ara-
aral soebaha, sanadjan sakitoe djoengkrang
djingkrong tèh, hih teu welèh goembira,
ari soemping mentas baris tèh koedoe baè
bari hahariringan. Soemping-soemping ka
boemi — di Regiment Grenadiers di Resi-

III n° 3

33

435

dentiestad sabot djadi militie mah linggihna — anoe pangheulana dibalangkeun tèh sapatoe, anoe koe oerang tangsi mah dilalandi „turfrappers” sapatoe kitoe tèh, sarta geuwat anoe balolekseknana dina sampèan dilandongan, anoe raraheutna libeber.

Tapi pasosoréna, tjing deui baè ka tangsi bari teu kantoen hariring.

Teu sabareha antawisna ti saporantos andjeunna lebet kana militer, nja der perang Fropa tèa, sarta andjeunna katarik kana balad anoe kedah ngadjagi.

Teu lami ti wangkid èta, andjeunna dilebetkeun ka sakola anoe diantjokeun pikeun ngadjar opsir-opsir anoe perlop ajana di Amerspoort, sarta heuleut sawatara lamina andjeunna kenging pangkat opsir, Leklan ka 2 (2e Luitenant).

Saparantos kènging pangkat èta ladjeng moendoet verlot, sarta sabada doemeuheus (audientie) ka Seri Maha Ratoe, enggal baè moelih ka Djawa.

Barang geus rawoeh ka dieu diangkat kana Adjoen Kontrolir Agrarische zaken di Soerakarta sarta teu sakoemaha antawisna ti dinja, nja didjoengdjoeung kana djadi Radja di Mangkoenagara, ngagentos kapi ramana, Mangkoenegoro VI, anoe moendoet liren tina karadjaan. Dina ngawitan didjoengdjoeung loenggoeh djoedjoe-loekna Kangdjeng Goesti Pangeran Adipati Ario Praboe Prang Wadono, pangkat kamiliteran Luitenant — Kolonel tetulier bala tantara Hindia.

Ajeuna koe margi joeswana parantos djangkep 40 taon pangkatna djadi Kolonel titulier, ari djoedjoe-loekna Kangdjeng Goesti Pangeran Adipati Ario Mangkoenegoro ka VII.

Tah ieu sabagian tina lalakon andjeunna, nja èta hidji pangagoeng anoe geus ngarandapan kalaraan kabalangsakan, tina pangkat handap oenggah-oenggah dongkap ka agoeng aja dina poetjoek kamoeljaan, koe djalan oesaha koe andjeun tina magang tepi ka djadi radja.

Kangdjeng Preboe Prang Wedono

(Goegoeloe kamadjoean)

kenging
A. Muhlenfeld,

Djisim koering geus teu hamham deui jèn anoe ajeuna djoemeneng Radja di Mangkoenagaran tèh, rèa pisan tjarioskeuneunana, tina perkawis ngahoedangkeunana deui kamadjoean oerang Djawa, nanging koe koering di dieu moal ditètèk sadajana, ieu mah ngan sakadar mertèlakeun sabagian tina panganggona (karakter) Praboe Prang Wedono pikeun njoempontan pamoendoet Redaksi Djowo (Poesaka Soenda), eusikeuneun kana Poesaka Mangkoenagaran nomer. Ari perkawis tjariosan djabi ti ieu mah anoe langkoeng imeut bakal didadar koe anoe sanes.

Doepi perkawis wintjikan lalakonna ti moemoerangkalih dongkap ka djoemeneng radja, anoe tadina koe anoe rèa mah teu pisan disangka sangka, tingali baè karangan koering dina taon 1915 sareng 1916 „Eigen Haard” sareng dina „Nederlandsch-Indië Oud en Nieuw”

Koe sadaja ogè geus kaoeninga jèn saporantos Kangdjeng Preboe Prang Wedono njepeng kakawasaan, djadi Radja Mangkoenagaran, seueur pisan anoe koe andjeunna parantos dipetakeun, sareng dipadjeukeun, nja èta sapertos ngaloeloe goekeun kana ngolah poesaka èlmoe Djawa (Javaansche Cultuur), soepaja samoekawisna bisa hiroep deui dina kadjembaranana. Dongkap ka oepami teu aja andjeunna mah anoe djadi panaratas djalan, perkawis Congres voor Javaansche Cultuurontwikkeling dina taon 1918, sareng Congres Taal Land- en Volkenkunde dina taon 1919, anoe diadegkeun di Solo tèa, geus tangtos moal aja, moal bisa kadjadian. Nja kitoe deui lamoen teu aja lantaran ti andjeunna, nja moal ngadeg Java-Instituut, anoe bisa nerekab tjara ajeuna; sarta rèa pisan pangdeudeul pamoepoedjoeheun andjeunna kana toemoewoehna sareng kamadjoeanana èta pakempelan.

Ari pangaroeh andjeunna saporantos djadi Radja mah koering teu badè pandjang pandjang, lantaran ngarasa koerang merenah, sebab ti taoen 1914 koering geus teu njekel gawè di wewengkon Karadjaan Mangkoenegoro, sarta njaba ka Solo tèh lalantangan ngan oekoer sakali-kalieun baè. Tapi koering terang leres jèn andjeunna tèh majoenan damel anoe abot pisan. Andjeunna tèh minangka moeridna toean van Wijk, nja koe ieu didjoengdjoengna; eukeurna di nagara Walanda ngahidji sering soemping ka toean Mr. C. Th. van Deventer marhoem, ari samoelihna ti nagara Walanda, teu lami toeloj didjoengdjoeng loenggoeh tèa djadi Radja, kedah sasarengan didamel sareng Gewestelijke Bestuurhoofden anoe teu pati tatas bener kaoeningana tina perkawis pamendakna kana atina bangsa Djawa anoe palalinter. Eta kaajaan (toestand) anoe kitoe nembè ajeuna-ajeuna aja robahanana, disaèan.

Dina salebet opat lima taoen mah ngawitan njepengna damel, tangtos pisan andjeunna ngaraos bangga enggoning ngolahna pamaréntahan tèh, lantaranana sanès moeng kedah majoenan hantjaeun merangan adat kakaom-kolotan (conservatisme), anoe aja di wewengkona baè woengkoel, nanging sareng kedah ngoedag kama-djoeanana ontvoogding deui, anoe kaleresan alam harita keur ngawitan aja ontvoogding di kagoepnemènan, doegi ka andjeunna di Volksraad teu kirang-kirang ngaloeearkeunana saer anoe paredes tina perkawis èta.

Eta anoe disaoerkeun koe andjeunna tèh moal pati djaoeh sareng boektina, tjetjog sareng katoegenahan djelema anoe kawas beuki woewoeh-woewoeh tèa.

Heuleut sawatara taoen nja dongkap robahan tina perkawis èta, anoe teu matak tjangtjaja deui jèn pamaréntahanana beuki lami beuki woewoeh matak njalametkeun ka nagarana.

Ajeuna djsim koering rek njarioskeun perkawis panganggo (karakter) andjeunna anoe leuwih ti anoe lian, nja èta peta-petana dina perkawis ngaloe-loegoekeunana ngoekoehan roepi-roepi pitoein adat Djawa anoe araloes, anoe medal

tina timbangan manah kaajeunaankeun.

Nalika andjeunna rèndèngan, aja salah sawios tamoe anoe njarioskeun kahérana-nana ka koering, wirèh Kangdjeng Prang Wedono, anoe aja taoenna di nagara Walanda, di ditoena ngoelik kapinteran, sarta geus djadi militie ngalakonan djadi soldadoe, sagoeloeng sagalang djeung sagala golongan, sarta tètèla geus sagala tabah di ditoena tèh; tapi naha, saोजना, ari ajeuna kawas ngeunaheun naker, noeroetkeunana adat koena, nganggo anggoan pangantèn kabaheulaan, salira boeligir, ngamboeng kana tekoe mertoeana, sarta djigana teu aja kakoe-kakoena.

Tah, apan èta sakitoe anèhna, nepi ka aja djalma anoe kitoe pikiranana, bawaning koe teu ngartieun kana djerona rasa kadjawanana Kangdjeng Goesti.

Ari karèraanana djelema baroga sangka maroekan dina rèndènganana tèh, bakal nganggo roki, didasi bodas, atanapi nganggo anggoan kabesaran Luitenant-Kolonel, atawa sakoerang-koerangna bakal nganggo panganggo opsir (Luitenan der garandiers) pangkat keurna di nagara Walanda tèa.

Malah aja deui anoe boga pangira jèn pang kitoena tèh ngahadja ngahinakeun andjeun, bawaning koe hajang kagoengan garwa ka poetri poetra Soeltan, madjarkeun tèh.

Tah geura èta, tepi ka aja anoe boga pikir kitoe!

Dina adat kawin atoeran Djawa tèh rèa pisan anoe aloesna, koe sabab èta pikeun djelema berboedi teu koedoe emboeng teu koedoe ngarasa aèb, metakeun adat anoe sakitoe aloesna mah. Ari Kangdjeng Preboe Prang Wedono teu pisan-pisan hojong djadi Eropa poelasan; jaktos andjeunna ngaraos pereloe oeninga èlmoe sareng adat Eropa, anoe sakira ajeuna beunang ditiroe sing tepi ka iasa enja, oelah matak kagok dina tjampoer sareng bangsa Eropa anoe palinter.

Sanadjan andjeunanana katjida mageuhanana kana samoekawis pitoein adat Djawa anoe araloes anoe balener, tapi teu pisan-pisan ngoekoehan adat anoe ngaleu-leuwih, sina tetep baè, dalah adat-adat

anoe ngalemah dina mang windoe-windoe, toer geus mawana kana karoesananana bangsa koe andjeunna teu taha-taha saia-sa-iasa ditjegah atawa dipitjeun pisan.

Tata hormat anoe lain-lain, anoe masih kènèh diaranggo atawa koedoe dipareta-keun di sakoeliah Djawa, koe andjeunna mah katjida teu dipikapanoedjoena, malah rèa anoe koe andjeunna didangdosan atawa dirobah. Eta panganggona kitoe tèh mapaj tapak kapiramana tèa, sareng ngaladjengkeun anoe parantos didjalankeun koe Radja-radja anoe sapajoeneun andjeunna, anoe pada geus kawalentar djenenganana. Sapertos tina perkawis hormat-circularir anoe diwawarkeun koe K. T. Besar Van Heutsz tèa, moenggoeh di Mangkoenagaran mah parantos aja ti sabèhditoeun èta, sarta boeahna leuwih hadè leuwih teurak batan di anoe sanès.

Kangdjeng Preboe Mangkoe Negoro anoe ka VI, nja èta anoe digentos koe andjeunna, kalepasan teuing atoeranana tina perkawis ngarobah papakèan kadjawan, nja-èta rèh koe andjeunna kagalih papakèan kadjawan tèh matak ridoe henteu pikabogokeun. Nanging èta atoeran kitoe, koe K. Praboe Prang Wedono anoe ajeuna, henteu diladjengkeun sahinana, ari koe andjenanana mah kakoeranganana sareng kagorènganana dina pakèan kadjawan asal anoe disaeana; sarta diongklangan teu koedoe noeroetkeun teuing oegeran atoeran baheula. Kitoe ogè koedoe makè pakèan kadjawan tèh noeroetkeun koemaha merenahna baè, nja èta saperti dina sagala hal anoe toelèn atoeran hiroep koemboeh oerang Djawa. Ari pakèan Eropa, babakoena pikeun lalaki, pangna kapilih, tina geus tètèla gampangna pikeun dina kaperloean djaman ajeuna, sareng pikeun dina tjampoer djeung bangsa noe lian, njoemponan kaperloean pamènta doenja. Nja kitoe deui ngarah toemaninah dina tjampoer djeung pada oerang Djawa deui, boh di Mangkoenagaran boh di loear, teu aja matak kagokna tjara make kadjawan. (Dina perkara ieu koe oerang koedoe diingetkeun hal atoeran makena keris). Geus poegoe deui ari papakèan kaperdjoeritan Mang-

koenagaran mah. da poegoe geus aja windoena, tepi ka geus ngalemah sasat geus djadi pakèan Djawa baè.

Kangdjeng Praboe Prang Wedono, lomana teh djaba ti djeung para Pangeran-Pangeran, mènak-mènak atawa pangagoeng-pangagoeng di tanah Kasoe-nan, ngahidji sarta tjampoer deui djeung pangkat atawa golongan handap, anoe pada reresep kana ngamadjoekeun poesaka-èlmoe kadjawan (Javaansche Cultuur) atawa anoe djarero èlmoe kabatinanana.

Dina rioengan-rioengan biasa, nja èta ana keur gempoengan sareng djelema-djelema anoe disebatan tadi tèa, sarta radjeun aja bangsa Eropa anoe sapangabogoh sareng andjeunna deui, èstoe teu kawas radja ka pangkat atawa djelema handap, ieu mah prah baè.

Di tanah kagoepernemènan parantos mangtaoen-taen aja atoeran panjegah kawin boedak, lantaran di sawarèh tempat mah èta tèh geus djadi adat anoe pageuh pisan, tepi ka ajeuna teu atjan bisa moesna kènèh baè. Moenggoeh K. P. Prang Wedono, teu lami deui antawisna ti barang andjeunna madeg Radja, ènggal baè ngadamel pranatan (oendang-oendang) geusan panjegah kana èta kabiasaan awon, soepaja leungit ti karadjaanana, nja èta boh mènakna boh koeringna anoe aja di wewengkonna, dipatok watesna oemoer pangngorana pikeun meunang kawin, soepaja djadi tjonto ka djelema leutik.

Koe Kangdjeng Praboe Mangkoe Negoro ka VI, kabiasaan atoeran baheula ngaganti ngaran prijaji anoe oenggah kapangkatanana, parantos dileungitkeun.

Doepi koe K. P. Prang Wedono ajeuna, sanès ngan ditoemoetkeun tepi ka dinja baè, malah teras dipadjoekeun satindak deui kasaèanana, nja èta ngadamel atoeran, anoe mimitina mah ngan toedjoel ka noe geus palinter baè heula, koedoe tetep marakè ngaran toeroenan, ngaran anak koedoe tjara ngaran bapa, nja èta ngalalanjahan kana rèk ngajakeun Burgelijken stand sareng boekoe-djiwa (Bevolkingsregister) anoe djadina babakoena koe ajana atoeran ngaran-toeroenan tèa.

Tina perkawis ngolahna kabinangkitan atanapi kaboedjanggaanana K. P. Prang Wedono, koe koering di dieu moal ditjarioskeun deui, da anoe maraos ieu P. S. geus moal bireuk ka andjeunna tëh.

Kana perkawis poelitik andjeunna tëh henteu tinggaleun, malah barètona mah baris djadi kokodjona, soemawonten sapa-rantos kapilih kana president Hoofdbestuur Boedi Oetomo mah, nja èta dina nalika nembèan pisan rawoeh ti nagara Walanda tèa.

Nanging sapa-rantos andjeunna djoemeng Radja, kapaksa kedah njandet andjeun, èta margina anoe mawi di Volksraad andjeunna teu patos kersa sasaoeran, nanging sanès pisan-pisan ari moengkoer tina kamadjoean mah.

Kalawan pamoendoet andjeunna, pagoejoban Regentenbond parantos ngadamel kempelan taenan di pendopo Kapatihan Mangkoenegeran, dina taoen 1917. Pang andjeunna aja pamoendoet kitoe, minangka badè moekakeun lawang karaton, moekakeun gapoera tanah Kasoenan (de poort der Vorstenlanden), anoe djadi tempat poeseurna poesaka-èlmoe kadjawan (Javaansche Cultuur), ka para Boepati sata-nah Djawa, anoe biasana ka pengker-pengker mah tara kararasea sareng ngadjaeohan deui ka Solo sareng ka Djogdja tëh kadjaba ti para Boepati anoe djadi wargi salah sawios Radja-radja tèa mah. Ari pang sareungah para Boepati tëh saroem-ping ka karaton, tina wegah koe metakeunana adat Djawa, dina prakna dahas deuheus ka radja-radja tèa.

Eta soegri anoe ngadjadikeun matak seunggh sareng matak wegah tèa, koe K. P. Prang Wedono sadajana disingkahkeun, andjeunanana mah kersa maparin kalonggaran koe metakeun tata Eropa, atawa tata Eropa kadjawaankeun. Petana kitoe henteu salamina sampoerna kadjadianana, tapi koe andjeunna kagalih jèn dina ganti mangsa mah (tijdperk van overgang), nja djamak baè, koedoe noengtoet dipilih-pilih baè mana anoe bakal pimerenaheun.

Koe margi èta lami-lami para Boepati ti tanah Kagoepernemènan tëh, nja kitoe deui djelema anoe palalinter ti loear tanah

Kasoenan, iasa loma ngahidji sareng andjeunna. Lantaran andjeunna kagoengan panganggo kitoe, nja djadi panarik ogè ka para Radja-Radja anoe sanès deui, nepi ka lami-lami mah ieu ogè henteu patos kapoeket teuing koe ngoekoeohan kabiasaan koena, tina perkawis tata ka anoe lian mah.

Doepi kana pigoenaenana ngahidjina deui ati oerang tanah Kasoenan (Vorstenlanden) sareng oerang tanah Djawa anoe sanès pikeun ngoedag kamadjoeanana sareng koemboehna Poesaka-èlmoe Kadjawan (Javaansche Cultuur), geus moal boa engke ogè bakal karaos sareng kaoeninga koe sadaja.

Panoetoept tjaetoe, perloe ditjarioskeun jèn tatali poesaka-èlmoe, antara Djawa sareng Bali, anoe parantos mangwindoe-windoe pegat keuna koe renggang, ari ajeuna èta doea poesaka èlmoe anoe medal tina sapalajangan tèa, parantos patepoeng deui. Anoe njamboengkeunana karaketan ati èta doea bangsa, gegedèna nja oesaha Pangeran Adipati Aria Mangkoe Negoro ke VII, anoe djenenganana bakal tetep djadi katjapangan diseboet Prang Wedono Goegoeloe Kamadjoean.

Andjeunna tëh tètèla pisan hidji per-djoerit anoe djadi sènapatina kana ngamadjoekun bangsana djadi panjipoeh panghoedang rasa kana moepoesti Poesaka-Elmoe, kabinangkitan sareng kaboedjanggaan katoet ka adat-adatna loeloehoer Djawa.

Moegi-moegi lambat lamboet pandjangpoendjoeng djoemenengna Mangkoe Nagara, ginandjar kawiloedjengan woewoeh kaagoenganana.

Loemadjang, Augustus 1924



Djisim koering ngaraos bingah marwata soeta, doemeh tiasa ngalaksanakeun pamoendoetna Bestir Java-Instituut, ngadamel ieu karangan keur lebetkeuneun kana

Poesaka Soenda Mangkoenegara-nummer, anoe koe adjaman Bestir baris dikaloearkeun dina dinten- dibabarkeunana sobat djsim koering K. G. P. A. A. P. Prangwadono anoe ka-40 taoen. Ari noe mawi djsim koering ngaraos bingah kabina-bina, margi asa mobok manggih gorowong, mendak pidjalaneun pakeun ngedalkeun kate-resnaan ka mitra dalit, nja eta Kangdjeng Pangeran Adipati Ario Praboe Prangwadono, anoe geus tereh kenging gelaran anoe pangloehoer-loehoerna. Kadjabti ti eta ieu karangan sakalian pakeun djadi tawis pihoeumat ka Andjeunna.

Niat djsim koering dina ieu karangan bade njarioskeun Kaprabon Mangkoenagaran, nanging moal paos-paos, rek diboe-djeng perloena bae, bade sapertos kapoengkoer basa njarioskeun Kaprabon Karaton Solo dina Sri **Poestaka** Soenans-nummer tea. Ari noe mawi djsim koering milih bab ieu, margi noemoetkeun pamendak oerang Djawa. poesaka poesaka teh kenging disebatkeun teu pisah sareng Kaagoengan Radja, sasat ngahidji sareng Ratoe; oepami teu aja eta Radja leungit Radjana. Koemargi ieu nomer disajikeun pakeun dinten-dibabakeunana mitra djsim koering, weweton noe benten ti biasa, koe hal eta, koe emoe-tan asa henteu lepat, djsim koering milih njarioskeun hal ieu.

Kaprabon Mangkoenagaran dibagi djadi doea roepi, nja eta: **ampilan** sareng **oepatjara**. Anoe keleet kana ampilan, kaprabon anoe kenging disebat djadi anggolan Kandjeng Goesti pisan; ari oepatjara babakoena djadi pangwoewoeh kaagoengan.

Ampilan, nja eta:

1. Does emas wadah tiap dina baki, ditatetes koe permata.
2. Wadah lemareun emas dibakian, ditaretet koe permata atanapi „lopak-lopak”; di karaton disarebatna „doos”.
3. Tempat-loedah emas, oekiranana teu kinten saena.
4. Wadah-soeroetoe emas dibakian.
5. Kiai Horong-horong, pedang, perahna emas.

6. Tameng perak, tengah-tengahan emas belenong (**mimbobaskoro**) sisina emas.
7. Tetekean toetoe emas atanapi „djoemenengan”; di Karaton disebatna „rottan”.
8. Bedil pondok (**buks**).
9. Toembak limpoeng Kiai Segorowedang (toembak pondok, pandjangna moeng 1.62 M.).
10. Toembak ambarangin Kiai Segoromoentjar, toembak nganggo ombjok soetra; di Keraton disebatna „Towok” (pandjangna 2.20 M.).
11. Toembak tlempak Kiai Tjokro, toembak rada pandjang (3.40 M.); di Karaton disebatna „Pegon”.
12. Padjeng gilap.

Eta ampilan (ampil = mawa) salamina kedah dibabantoen tjaket Kangdjeng Goesti oepami Andjeunna nganggo kaprabon ageng. Oepami sanes kaprabon ageung mah tjekap koe: wadah soeroetoe, tempat-loedah, pedang, tameng, toembak pondok sareng padjeng bae.

Oepatjara:

1. Bokor emas dibakian emas.
2. Tempat-loedah emas.
3. Kendi taneuh dilalakon koe emas sareng bokor emas.
4. Kendi boeah djenggi (**pohdjenggi**¹⁾, diwengkoekoe koe emas, sarta nganggo disoekoean¹⁾.
5. Soemboel aloes atanapi wadah koe gelas.
6. Wadah roko Djawa, djangkoeng koe emas, di tempat sanes disebatna „trontong”.
7. Doea kepet boeloe merak atanapi larbadak.
8. Peti Palembang wadah panganggo atanapi kandaga, dibantoenna dina tandoe¹⁾.
9. Epok atanapi wadah lemareun tjeplok emas kenging natah²⁾.

¹⁾ Tjek tjarios eta boeah kenging dianggo nawa-keun baroeang, djadi tjai tina eta kenditjai kawarasan. Wastana eta boeah koe Latijn, henteu tenrang.

²⁾ Kagoengan Kandjeng Rama (Kandjeng Soesoebonan vert.) wastana gandek, namoeng bangoenna benten sareng ieu. Tingali *Sri Poestaka* Soenans-nummer katja 110, No. 38.

³⁾ Kagoengan Kandjeng Rama disebatna „Tjapoeri”.

10. Teko perak diwadahan bokor perak, pakeun kokotjok.

1. Wadah selop koe perak.
12. Gondewa dilakopan koe emas kencing natah.
3. Wadah djamparing katoet djamparingna.
4. Kiai Remeng, pedang emas.
5. Pasekon atanapi peso kadinesan.³⁾
16. Does wadah makoeta.³⁾
7. Langit atanapi samak.
18. Bende Kiai Hangoenangoen atanapi goong
3. Padjeng bawat.
20. Tameng perak, ditengahna nganggo toembak genep.
1. Bedil tjoepelis diseungeutna koe paneker, kiai Kintjoko.
2. Bedil tjoepelis diseungeutna koe paneker, Kiai Bromosoro.
23. Bedil tjoepelis diseungeutna koe paneker, Kiai Hadisoro.
1. Doea wadah obat.
25. Opat toembak panoeroeng.
1. Doea djepitan salempaj.
7. Doea koeda toenggang; ngarah gampil baris ditjarioskeun pangpandeurina.

Eta kaprabon baheula biasana dianggapna oepami Kangdjeng Pangeran Mangkoe-nagara medal opisil, sapertos; pesta wetan, dinten sibabarkeunana Sri Mahara-ja, tahoen baroe, ngadeuheus ka Karaton reng sapapadana. Nanging handjakal san eta adat koe Kangdjeng Pangeran mangkoenagara anoe ti heula dileungit-un. Ngan hadena koe Kangdjeng Pange-n ajeuna diajakeun deui. Eta perkawis eu matak heran, margi Kangdjeng Pange-n ajeuna sakitoe moepoestina kana poeka elmoe Djawa. Roepi² adat sareng toeran karaton anoe teu atjan lami di-ingitkeun, ajeuna diajakeun deui.

Praboe Kresna, Rasoel dina alam pawangan, koe andjeunna anoe paraeh dihi-eupan deui koe kembang Widjajakoesoe-

ma. Tah! Kangdjeng Pangeran Mangkoe-nagara VII teh, lir oepami Praboe Kresna, koe andjeunna adat² sareng tata Djawa anoe parantos ditoempes teh dihiroepan deui. Ngan hiroepna ajeuna benten sareng hiroepna kapoengkoer. Kawantos djaman ajeuna benten deui kahajangna sareng djaman kapoengkoer.

Oepatjara ajeuna dipedalkeunana moeng satahoen sekali, nja eta dina dinten bibabarkeunana atanapi dina dinten djoemenengna ratoe. Sadajana dibantoenna di-tjekel sapertos ampilan, ngan nomer 13, 17 sareng 18, ieu mah noe tiloe diemban koe tjinde. Anoe poerah ngabarantoen, sadajana abdi² karaton, ngaberes di paringitan (tempat ngawajang) beulah ti wetan, dja-di kaetang rada tebih ti Kangdjeng Pange-ran, anoe biasana dina lebah raramean kitoe, sok linggih di pendopo sareng tata-moe.

Doepi does wadah makoeta (No. 16), wadah lemareun (No. 9) sareng djepitan salempaj (No. 26) diteundeun dina medja parantina.

Koeda toenggang anoe doea tea ditjekelan di kentja katoehoeun paratag rambat antara pendopo sareng paringitan. Anoe hidji, anoe beulah koelon, dirarahaban karadjaan; baheula sok ditoenggangen koe Kangdjeng Pangeran beunang nganggo panganggo kaprabon, dimana bade ngadeuheus ka Karaton. Koeda anoe hidji deui, noe beulah wetan dirarahaban rarahab paranti senenan (watanan) atanapi rarahab kaperdjoeritan; eta doea koeda dina keur kitoe disebutna „pandangan”.

Kalengkepan anoe kahidji:

1. Eta koeda ditjekelan koe doea abdi karaton.
2. Gondewa hidji.
3. Endong hidji.
4. Larbadak¹⁾ (boeloe merak) hidji.
5. Tandoek perak paranti ngaleueut (etjarak).
6. Tjameti nganggo disopal koe emas.
7. Hidji kekeboet paranti ngagebahan laleur.

³⁾ DiKangdjeng Rama teu aja.

¹⁾ Badak = warak (Dj.). = badak Koemaha asal-moeasalna boeloe merak disebut larbadak. Doeka.

8. Dampar, hidji atanapi doea titintjakan paranti nitih koeda.
9. Padjeng koening keur majoengan sela²⁾.
10. Opat toembak-panaroeng.

Kalengkepan anoe kadoea.

1. Eta koeda ditjekelan koe doeaan, doeanana abdi karaton.
2. Larbadak (boeloe merak).
3. Tjameti nganggo diemasan.
4. Tandoek hidji (tjarak)
5. Toembak kaprabon, Kiai Mahesolin-doe.
6. Kekeboet hidji.
7. Dampar hidji.
8. Padjeng hidji.
9. Wadah (Beker) landoeng.

Bentenna kalengkepan noe kahidji sareng noe kadoea saeutik pisan, nja eta: di noe kahidji aja gondewa sareng djamparing, di noe kadoea toembak, doemeh anggoeun senenan (watangan) tea. Toembak panaroeng anoe opat tea, kaperloeanana ngan keur ngadjagi koeda bae sareng kanggo oge kana ngawoewoehan kana kagoengan Kangdjeng Pangeran.

Doepi rarahab didamelna biasa koe koe koelit, moeng diboengkoes koe boeloedroe hideung nganggo monterang koe emas; rarahab senenan oge nja kitoe nanging boeloedroena hedjo sareng nganggo „kalong pananggalan” koe emas, diterapkeunana dina dadana (handeman Dj.). Eta koeda doeanana mawa pestol sareng wadah panah, diteundeunna dina sela beulah kentja sareng katoehoe.

Djisim koering aja adjaman arek njarioskeun deui pandengan dina karangan sanes.

Ajeuna oerang njarioskeun oepatjara sareng ampilan Prameswari Mangkoenagara, G. K. R. Timoer:

1. Lopak-lopak atanapi wadah lemareun emas ditaretet koe berlian.
2. Lantjang, nja eta wadah lemareun paparahoean.

²⁾ Koe margi eta sela sela poesaka, kening gelar „Kiai”, djadi gadoeh hak dipajoengan. Sadaja Kiai anoe kalebet loehoer kedah dipadjengan, malah Kiai anoe harandap oge, loba anoe kening pajoeng.

3. Doea tempat loedah, noe hidji teu kinten saena, nganggo gambar² maroendjoekoel (relief bewerkt).
4. Ergelek dilakopan emas.
5. Soemboel.
6. Patehan (paranti ngaleueut t^h).
7. Pepetⁿ wadah artos.
8. Bokor dibakian sareng samakta parabot toeang.
9. Wadah (Beker) landong.
10. Tetenong wadah toeangeun.
11. Soemboel djangkoeng atanapi katjoe.

Eta barang² sadajana didamelna koe emas doeket: dina wakt^oe Kangdjeng Ratoe medal opisil, eta barang² sadajana ditjandak.

Pangadjeng-ngadjeng djisim koering moegi² ieu karangan njoemponan kana kahojongna Bestir Java Instituut, sarta tjek angkeuhan ati, djisim koering ngiring ngadeudeul saboeoek sereboek njamoe kana Mangkoenagara nummer. Leres pisan aja sababaraha poesaka anoe henteu ditjarioskeun pandjang, namoeng kaprabon Karaton Solo anoe dilebetkeun kana Sri Poestaka Soenansnummer, eta tiasa diango nambah-nambah kana ieu karangan.

Ieu karangan koe djisim koering ditoe-toep koe pangdoenga, moegi² Goesti Allah maparin rahmat ageng ka Andjeunna anoe dipoedji dipoedja koe Poesaka Soenda nomer ieu.

**Pangeran Mangkoenagara IV
Boedjangga ahli hakekat.**

*karangan
R. Wedijodiningrat.*

Pangeran Mangkoenagara IV sadjaman sar^eng Boedjangga Djawa anoe mashoer, nja eta anoe dj^en^engan R. Ng. Ronggowarsito tea. Kangdj^eng Pangeran ngarang t^embang pirang², anoe teu kint^en dipikar^es^epna koe oerang Djawa, doemeh sae dangdingna kawoewoeh pinoeh koe piwoelang.

Eta karangan teu atjan pati lami, sadajana, dikaloearkeun koe Ng. Padmo-soesastro.

Kangdjéng Pangeran hidji Boedjangga anoe toehoe noetoerkeun talapakan Boe-angga Djawa baheula, nja eta njoesoep dangding diratjik saréng piwoelang. Demi karanganana sadajana didangding ngdingan arjar, anoe disébat Sêkar Majapat tea; poendjoelna ti boedjangga anoes, sadaja karangan-karangan keke-ingan Kangdjéng Pangeran estoe ngago-ong taja roendag-randégna, pakarép-pana atra tetela teu kaaling-alingan koe mham, toer dangdingna loeloes taja ntjogna. Oenggal padalisan gembleng-jampléng, teu aja pok-pokan anoe lang-éng atanapi kirang, teu aja kêtjap anoe paksa disélapkeun doemeh katarik koe angding ngarah dangdingdoeng. Sana-kan sok aja oge saketjap-ketjapeun ke- p Arab anoe koe Andjeunna dianggo, angding moeng kêtjap Arab anoe paran- e djadi Djawa bae.

Poerwakantina loba anoe maranis. Geura mangga ieu araos:

"Mingkar-mingkoer ring hangkara, ha- ana karenan mardi siwi, sinawoeng smining kidoeng, sinoeba sinoekarta, rik kretarta pakartining ngelmoe hoe- r, kang toemrap neng Tanah Djawa, agama hageming Hadji.

Djinedjer neng wedatama, mrih tan- lobo kembanganing pamboedi....

Endekna dangding anggitan Kangdjéng- geran Mangkoenagara IV teh, kenging- sebatkeun sadajana bae ngageleser taja- tag-séntoegna. Oepami diaos digoro- gkeun tjara maos karangan diladjoer. Ija kagokna, sarta katégépanana oeng- ra henteu oedar; sanadjan dangding wa- gsalan, nja sami bae, diaosna raos. Na boekoe Paliworo lan Palimarmo, seu- r tjonto² anoe kenging dipintonkeun- anisanana. Geura ieu di handap aja- atona sahidji:

Jenoetawa (toengkoel) pisang gonda- ugi (garahita), hadja toengkoel koe- p den grahita, ragoe soeta (rama) mar- jene (sepoeh), rananta pan woes se- a, wisna haglar hing pontjoniti (pase-

ban), dimen paring woelang sira, patri- wastra (hoelar-hoelar) garinging mina- djaladri (gerah), nalar pengrehing pradja.

Aja hidji Professor bangsa Parasman sasaoeran kieu: „..... que vous appelz wangsalan et qui ressemble un peu a nos ch a r a d s, mais un peu seulement.

Exemple d'une charade:

„Ma première partie (chien) te sert de ma seconde (dent) pour manger mon tout (= chiendent, hondsgras, enticum repens, plante rafraichissante populaire que mangent souvent les chiens).

Dina kasoestastran Djawa aja wawaton anoe djadi oegeran² dangding; nangging anoe bade disébatkeun di dieu ngan hidji, nja eta: dangding Djawa anoe kasébat sae teh, pakarépanana kédah tetela saréng na- tana eusi kedah beres. Dangding anggitan Kangdjéng Pangeran taja noe kaloear tina eta oegéran, sarta djisim koering wani njébatkeun, jen Kangdjéng Pangeran hi- dji Radja anoe ahli Hakekat; nangging ben- tén deui pisan saréng Philosoof Eropa. Margi ari ahli Hakekat Djawa mah ngolah hakekating Agama, ngeningkeun raos ma- teni pantjadria.

Pangna djisim koering wani njebatkeun ahli Hakekat, margi dina oenggal anggitan Andjeunna, sadaja piwoelang² hal kaoeta- maan sareng kabatinan, kitoe deui hal ka- sampoernaan manoesa, wawatonna tjitjing dina „Kersa Goesti”.

Saha² anoe parantos maos boekoe² ka- rangan Kangdjéng Pangeran Mangkoena- gara IV, tangtos taringali, jen kabinang- kitan Djawa mah sanes moeng médar ka- aoesan woengkoel, nangging malah ba- bakoena pisan mah ngagelarkeun raos, noe teu kawengkoe koe wewengkon pantjadria. Tangtos pisan koe sadaja kamanah, jen di dieu sanes pitémpateunana ngababar- keun bab Elmoe Hakekat Djawa, disebat- sébat soteh di dieu, doemeh pérloe djadi saksi, jen boekoe² anggitan Kangdjéng Pangeran Mangkoenagara IV teh, sadaja- na henteu aja anoe mentjog tina papagon anoe pitoehoe koe Boedjangga-boedjangga Djawa baheula.

III m3

47

443

Piwoelang ka poetra saréng ka poetri, ka prijaji ka perdjoerit, hal perenahna itoe ka ieu, sareng koemaha perenahna ka Nagara sareng ka Radja, eta pèrkawis sadajana aja dina Piwoelang. Dina bab „Wirowijoto” disébatkeun, jen anoe djadi pèrdjoerit teh salamina kédah emoet kana kawadjiban, kédah ngagoengkeun kaloehoeran, sabab saोजना: moen koetjiwa mawa tjoea ka salira (jen koetjiwo weh haloen halaning rogo). Dina bab eta keneh aja piwoelang kieu: „Masing aringöt, mantéping ati lain ngan koedoe ka Pangeran bae, tapi kana sagala panggawe anoe moelja oge koedoe mantep sarta temen”.

Dina boekoe Sloeti (?) aja lahiranana kieu: pèrdjoerit anoe tatapa di poentjak Goenoeng Wadja, martabatna leuwih loehoer manan pandita noe tatapa di goenoeng biasa. Djäléma anoe keur oelèng kana perkara kitoe, oelah arek mikir² kana pati, sebab tjitjingna pati aja dina panganan Goesti, henteu kawisesa koe manoesa. Dimana geus tjoendoek waktoe, ana geus népi ka mangsana adjal, tara milih lantaran. Pati anoe dikorbankeun pikeun ngadjoengdjoeng kaloehoeran toeroenan, saperti pati Ardjoena anoe dipake bela kana kaloehoeran Pèndawa, eta leuwih oetama manan paeh bangkar ngahekok di énggon”.

Dina bab „Najokoworo”, hartosna piwoelang ka noe djaradi kapala, aja piwoeroek kieu:

„Para kapala, anoe kapantjenan ngoeoroes abdi², koedoe bisa ngadjaga tata téngrém nagara. Tjangreud dina ati, jen eta pèrkara djadi tanggoengan maraneh. Koedoe daek miwoeroek mitoetoer, sangkan abdi² pada ngalarti hal goenana digawe, mangpaatna boga ingon², kapèrloeanana boga tanah, sabab nja eta tatali noe njantelkeun ati abdi-abdi ka imah tanggana djeung ka oempina”.

Estoe matak rësép oepami maos piwoelang Andjeunna keur ka noe parantos koe-rénan (soemawontén istri²); ari ajana dina Darmolaksito; anoe pakeun ka pamégèt anoe djaradi pèrdjoerit, ajana dina Tripomo.

Dina Tripomo tetela tembung, jen noemoetkeun pamendak oerang Djawa lesot tina oegeran pantjadria teh kenging dioedag koe manoesa. Anoe didamel tjonto kasetiaan sareng toehoe kana kawadjiban Satria aja tiloe, nja eta Soewandageni, Karna sareng Oembakarna. Sanadjan lalakonna bentén², nanging katembong nja-tjas, tiloeanana kasinoengan watek Satria sadjati.

Eta djadi toeladan ka oerang, jen roepi² kadjadian lahir, ngan oekoer djadi lantaran mantjala-poetra mantjala-poetrina ati (geest), sarta djadi pepeling ka oerang, jen kadjadian lahir anoe mangroepi-roepi, teuraka kana ati sok saroea.

Tah nja eta anoe koe oerang kédah dioedag teh, da moeng eta anoe awet adjina Pèrkawis ieu dipèdar dina boekoe Wedoto¹⁰. Roepa² lampah anoe tiasa djadi djalan „Noenggalna Goest djeung Kawoela” koe andjeunna didadar. Dina poepoeh Poetjoeng, pada anoe mimiti, koe Andjeunna ditérangkeun, jen elmoe teh kakara tiasa boekti, oepami diamalkeun nepi ka „kèrem”, tegesna dipoehit nepi ka loeket ngahidji salira djeung adji. Doepi wawatonna: mimitina kédah tiasa ngadalian napsoe heula, tidinja dibaroeng koe tjengeng.

Dina poepoeh Gamboeh, pada anoe mimiti, Andjeunna nérangkeun hal tjatoer sembah, hartosna „sembah opat panta”, nja eta: sèmbah raga, sèmbah tjipta, sèmbah djiwa, sèmbah rasa. Sèmbah anoe tiloe panta ti handap, kenging dianggap aja dina oedagan, sarta kedah dilampahkeun kalawan tjengeng. Hal sembah panta pangloehoerna, sembah rasa koe Andjeunna henteu diterangkeun. Koe panginten bae lebah dinja kantoen roemasa „Noenggal djeung Goesti”.

Djisim koering hajang njarioskeun hal sembah noe katiloe saeutik, nja eta sembah-djiwa, anoe dianggap tempat ngarandegna oedagan; hartosna dimana parantos andjog ka dinja, oedagan teh toeloej ngarandeg. Sampoerna sareng poengkasana eta sembah tjitjing dina: tan kendat mandeng sarta eling ka „Noe Langgeng”.

Nanging dipepelingan: poma² masing waspada, reh di dinja énggon pangarep

hoeriping boedhi. Mangkaning ari boedhi teh kapan kakoeroeng koe Salira, dja-di teu atjan dina Katoenggalan.

Noemoetkeun pamendak djisim koering Kangdjéng Pangeran Mangkoenagara IV hidji Boedjangga Djawa beh-dieu, anoe oeninga kana wawaton dangding Djawa ba-neula Arang langka pisan aja boedjangga behdieu anoe kitoe.

Tada teuing aloesna oepami rea oerang Djawa anoe palintär, karérésa ngoelik boe-koe² karangan Kangdjéng Pangeran Mangkoenagara IV; meureun ariasa ngomean langding Djawa saréng elmoe kamanoe-jaan.

Mangkoenagaran

karangan

Dr. D. A. Rinkes

Saha² anoe ngamanahan énja² kana pépérangan di Poelo Djawa, anoe pirang² tahoen lamina, nja eta anoe noetoepeuna-na ngadamél contract Gianti tea dina ta-uoén 1755; sadaja anoe ngamaranahan eta pépérangan, tangtos pada ngaraos, jen eta pépérangan teh, lantaranana, moal ngan maréboetkeun karaton bae, teu kenging henteu kédah aja deui lantaranana anoe sanes.

Keur anoe njaloektjroek sadjarah, geus moal boa pirésépeunana naloengtik eta pérkawis, neangan sababna anoe tatjan ka-wangguh tea, ngoempoelekeun katerangan² anoe bisa kapapaj; sarta engke dimana parantos kapéndak, ladjéng diseratkeun di-jentrekeun. Nanging koe emoetan, ieu oge adjéngna sadjarah tiloe karadjaan tea sa-réng adat-tata eta filoe karaton anoe di-étépkeun dina contract anoe kasébat tadi, ah! eta oge loeloemajaan parantos kenging dianggo nganjahokeun golongan² anoe harita pabeatar.

Oepami dimanahan pihartoseunana peta sareng adat tata anoe katingal ajeuna di eta tiloe karaton (Pakoe Alaman, doemeh andeuri ngadégna, di dieu henteu ditja-rioskeun, nadjan ari tjarioskeuneunana mah meureun loba), tah! oepami eta bae

ditangétan, meureun oerang wani njabat-keun, jen dina gerakan bangsa Djawa a-noe sakitoe mangroepi — roepina oedaga-nana, Karaton Solo tjitjing dina djalan sinigar tengah. Henteu kersaeun mawa kana hidji roepi oedagan anoe dipatok, kenging disébatkeun koemaha bae pama-wana djaman ditoetoerkeun, noengtoetan dirobah-robah sangkan loejoe sareng piki-ran anjar, pindah tjai pindah tampian, ati-ati, tara goeroenggoesoeh, nanging sanes doemeh toekoe, tégésna oepami siga toekoe tea mah, toekoeuna henteu langkoeng ti adat biasa karaton. Malah dina roei-roepi perkawis kenging oge di-sébatkeun kaoem moeda.

Sinigar tengah teh poegoeh sae, sareng tangtos matak dipikarésép koe lolobana djéléma, margi di oenggal nagara ogé lolobana djéléma teh sok bogoh kana néngah² (neutral) ngan aja koetjiwana, nja eta ana méndak kamadjoean anoe katjida rosana sapertos kamadjoean ajeuna di oerang; tah ana dongkap djaman tjara ajeuna, sok tara pati karaos komarana; démi margina lantaran henteu ngahadja ngadamél oedagan anoe didamél djoedoel mak-soed.

Karaton Djogdja koekoe katjida nje-pengna adat tata radja sareng rajat, hen-teu pati kersa ngamadjengkeun kemadjoe-an kaajeunakeun, ngadjalankeunana pa-mendak-pamendak anjar sareng metakeu-nana atoeran ngatik boedak kaajeunakeun, semoe asa²; leres oge lami-lami mah miloe kana atoeran anjar, doemeh teu bisa soe-mingkir, namoeng rata-rata kenging dise-batkeun loba nolakna kana kaajeunaan, tegesna pageuhna langkoeng ti di tem-pat sanes; nanging sanes lantaran toekoe teu poegoeh.

Pikeun anoe resep kana adat tata koena anoe toelen, geus tangtos pisan moal re-sep bae ningal oerang Djawa djaradi ka-om moeda teh, margi inggiseun bisi pa-make anoe harade engke roeksak kadoe-pak koe adat anjar; djisim koering *panoe-djoe pisan* kana eta pikiran sarta baroedak ngora anoe ngagentak teuing hajangna madjoe, sering dielingan oelah waka ga-na-gana ngaroeksak adat.

125 n^o 3,
Sept-1924
Bagian
Mangkoenagara
V Boedjanga
a h k h a k e r a t

Demi Mangkoenagaran adat-tatana rada benten, nanging rada hese dingarananana. Tjek sawareh magahkeun demokratisch, margi nja Mangkoenagaran anoe mimiti mitjeun tatakramana anoe katimbang parantos boeroek, mitjeunna eta tata langkoeng ti heula ti di kagoepermenan. Nanging perkawis kitoe teh tatjan djadi tji-tjiren democratie, eta mah ngomean tatakarama bae, sangkan oelah loba teuing rahanana.

Tjek sawareh deui magahkeun pohara njepengna kabangsaan (bij uitstek nasionalisme), nanging eta oge teu djadi tji-tjiren Mangkoenagaran ajeuna, margi arl njepeng kabangsaan mah, karaton anoe sanes oge teu kirang pohara. Komo oepami diemoetkeun koe oerang, kabeh-di-eunakeun ketjap „babangsaan” teh gadoeh hartos anoe rada teu pati sae, dongkap ka loba anoe emboengeun disebut kitoe.

Ari noe tetela katingal koe djisim koering, Kangdjeng Pangeran teh sapari polahna istoening Djawa, nanging njepeng hidji oedagan, nja eta: saniskara anoe hiroep dina hate bangsa Djawa, koe Andjeunna dioesahakeun soepaja woewoeh moelja, sareng ditoedoehan djalanna, soepados tiasa soeroep kana kamadjoean saalam doenja, tapi oelah leungit kadjawanana.

Dina perkawis ieu Kangdjeng Pangeran teges kaom-moeda, naratas djalan kana kamadjengan, nanging teu katalian koe oegeran salah sawios parte. Anoe ditjandak koe Andjeunna ngan robahan robahan anoe soeroep sareng karepna djaman bae sarta tara pisan ngarobah *adat Djawa* toelen kalawan paksa-piroesa.

Aja tjontona hidji perkawis anoe geus lami koe Andjeunna didjalankeun, nja eta **Wajang wong**. Kadjawaanana wajang dikoekeohan, nanging wajang noe teu njawaan koe Andjeunna digentos koe wajang hiroep; djadi dimaenkeunana tjara toenil Eropa, koe sabab eta *daja pamaenan* woewoeh, nanging henteu ninggalkeun kadjawaan.

Atoeran anoe anjar keneh didjalankeunana, nja eta hal ngaleungitkeun „djong-

kok” (nagog) sareng hal lalaki diparotong boeok. Perkawis ieu oge henteu nganggo ngirangan kadjawaan, tapi lawang kana djaman kamadjoean koe Andjeunna di-boekakeun.

Djadi Kangdjeng Pangeran teh hidji Radja noe naratas djalan anjar, palatoek noe noedoehkeun kamadjoean, sarta teu kedah inggis kadjawaan kasieuhkeun, kasilih koe adat pamake deungeun noe teu soeroep sareng kadjawaan.

Kadjawaan anoe toelen sabeunang-beunang koe Andjeunna dipageuhan. Nanging dina hal ieu ogé henteu tinggal pamilih, henteu sagala bae sakedah polah dikoekeohan, sapertos dina bab karadjinan Priboemi: hal neupa ngadamel pamor, atanapi ngabatik; eta doea roepi karadjinan pi-keun economie parantos teu gadoeun geusan hiroep atanapi beuki lami beuki kasered kasilihkeun; tah! bangsa kitoe henteu dikoekeohan toekoe Tjiboeroej.

Anoe koe Andjeunna pohara dikoekeohanana moeng sakoer anoe dieusi soekma Djawa, sapertos: babakoena pisan **basa Djawa**.

Hidji bangsa anoe bisa ngoekoehan basana, tangtos koeat njangga sagala tjo-tjoba.

Koe sadaja kaoeninga, jen menak pen-tjaran karaton Mangkoenagara loba anoe ahli basa.

Boedjanga Mangkoenagaran anoe pangageng-agengna, nja eta K. G. Mangkoenagara IV.

Anoe baris njarioskeun ieu Boedjanga parantos aja pidjelemaunana, sarta parantos djangdji bade ngintoenkeun karangan ka poestaka mangsa Djowo. Nanging sanadjan parantos aja oge pidjelemaunana anoe langkoeng pibisaeun manan djisim koering, hate panasaran bae oepami teu miloe njaritakeun hal karangan eta Boedjanga.

Serat serat seueurna kirang langkoeng aja 13, eusina roepi² serat didangding keur ka Patih sareng ka para prijaji Mangkoenagaran, njarioskeun petana ngolah nagara sareng sapapadana. Sawareh

anggoeun kana sagala roepi padamelan, sawarah deui toedjoel pikeun ngoeroes hidji perkawis baé. Dongkap ka ajeuna loba keneh bae noe raresep matja eta serat. Boekoe Salokantoro, njarioskeun watek sareng pamake djelema. Eta boekoe dipikaresep pisan koe oerang Djawa, lantaran basana sae sareng teu aja raehanana, sanadjan ari eusina mah elmoé kenging njoetat oge.

Boekoe karangan Andjeunna anoe langkoeng dipikaresep, nja eta „Tripama Piwoelang kange toetoladanipoen para pradjoerit”. hartosna: Tiloe toeladan pikeun perdjoerit.

Anggitan K. G. Mangkoenagara IV anoe sanes pamoedji atanapi piwoelang, moeng aja hidji, nja eta Pandji Woeloeng. Pangna Andjeunna ngadamel eta boekoe, doemah aja panoehoenna toean Winter. Ari eusina tjarita ditembangkeun, pikeun batjaeun moerid² kalas loehoer di sakola Djawa, dianggo ngamimitian ngadjar tembang dina samemehna diadjar tembang anoe saleresna.

Sanes perkawis laloehoer bae, perkawis leutik anoe sadidinten oge seueur anoe di karang tembang koe Andjeunna. Sapertos boekoe Roempakan bangsal tosan, eusina njarioskeun imah kareta anoe didamel koe beusi hateup seng, diadegkeunana tjaket pendopo Mangkoenagaran.

Dina eta dangding ditjarioskeun, jen rarangkangna boeatan Duitschland. Ladjeng njarioskeun hateupna, nganggo papaes koe kai, sareng sanes-sanesna deui Dina djaman harita hateup seng langka kènèh pisan.

Boekoe Wédutama; loba anoe ngira jèn eta boekoe karangan K. G. Mangkoenagara IV sadajana, padahal enja-enjana mah karangan opatan, nja eta; Kangdjeng Soesoehoenan Pakoebowono IX, K. G. Mangkoenagara IV, Ronggowasito, sareng Wirjokoesoemo; eta margina noe mawi basana sareng oengkarana henteu saambat, sarta benten sareng karangan Kangdjeng Pangeran anoe sanes.

Koe Kangdjeng Pangeran toeroenan ka Mataraman teh istoe dianggo kamegahan.

Dina boekoe Jogatama Andjeunna maparin pepeling ka sadaja menak Mataram, kedah karagoengan lampah oetama noe soeroep ka ratoe noe loehoeng sareng merenah di toeroenan Mataram.

Kangdjeng Pangeran katjida oesahana, soepaja loba anoe daek ngaroelik dangding atanapi dialadjar kana ngarang tjarita diladjoer. Andjeunna djadi presiden tina rengrengan kasoesastran; anoe djadi elid-elidna: Ronggo Wasito, Wirjakoesoema sareng Djajasarasa. Kapinteran Ronggowasito kana ngarang poendjoel ti Wirjakoesoema sareng Djajasarasa; koe Kangdjeng Pangeran manehna digadjih, datang ka bisa djongdjong gawena ngoelik kasoesastran woengkoel.

Salian ti eta Kangdjeng Pangeran Mangkoenagara IV ngadegkeun sakola keur poetra² para prijjaji; ari goeroena njandak oeroet moerid ti sakola Goepernemen noe tamat sakolana. Moerid² eta sakola koe Kangdjeng Pangeran dipangdamelkeun tembang panembromo (pikeun ngabageakeun noe soemping). Eusina eta panembromo, babakoena njarioskeun hidji roepi kadjadian. Dina ngadangding bab kitoe pohara Andjeuna iasana.

Salian ti panembromo anoe kaseboet bieu, Kangdjeng Pangeran ngadamel hidji Panembrono anoe ditembangkeun koe moerid sakola anoe tadi tea, waktoe Kangdjeng Toean Besar soemping ka pasanggahan Karangpandan. Eta Panembromo diatoer sapertos „Wien Nederlandsche bloed”, „Wilhelmus” sareng salian ti eta.

Karangan Andjeunna anoe nambahan kamashoeran kaboedjanganana, nja eta „Rerepen”, eusina moedji kageulisan istri sareng njarioskeun Andjeunna keur anom.

Leres oge K. G. Mangkoenagara IV ajeuna parantos poepoes, nanging djeneanganana masih djoemeneng bae, tjoemantel dina ati anoe sami mitjinta kana basa Djawa sareng dina ati sadaja oerang Djawa.

Kangdjeng Pangeran Mangkoenagara anoe ajeuna, istoe toehoe toemoetoer pisan kana adat talari Mangkoenagaran anoe bieu

PS n° 3
Sept. 1924
Pangeran
Mangkoenagara
Boedjangan
ahli tari

ditataan di loehoer. Ti samemehna djoemeneng ratoe oge geus katingal, jen Andjeunna na hojong naratas djalan kamadjoean pikeun oerang Djawa. Anoe koe djsim koe-ring arek didamel saksi ngan saperkara, nja eta Andjeunna miloe ngabantoe-bantoe savatara lilana ka Boedi Oetomo.

Barang Andjeunna djoemeneng radja, mimiti ngarobah administratie Karadjaan, diatoer noeroetkeun atoeran anjar, sapertos: dina hal oeroesan tanah anoe ditiwoean sareng sapapadana, eta sadajana kedah noeroetkeun atoeran anjar, sarta sabeunang-beunang koedoe didjalankeun koe prijaji Mangkoenagaran.

Dina bab ngumadjengkeun boedi sareng pikiran Andjeunna ngadegkeun Java Instituut, anoe beres katjida ngoeroeskeunana kadjawan dina roepi² perkawis, sapertos dina hal: kasoesastran, bangoen imah, kabinangkitan, papakean dj.s.t., ditjarioskeun kaperloenanana sareng dioesahakeun sangkan madjoe.

Leres oge ari tiasana ngadegna mah doemeh rea anoe ngarodjong-rodjong, nanging anoe kagoengan jasa mah nja K. G. P. P. Prangwedono, djalanna eta pakoempoelan noeroetkeun manah Andjeunna, sarta salilana teu lesot ditingalikeun bae.

Noe mawi Bale Poestaka nepi ka tiasa ngaloearkeun boekoe Het Javaansche tooneel anoe sakitoe saena, karangan toean J. Kats tea, taja lian moeng djalaran pitoloeng Kangdjeng pangeran; margi gambar wajang anoe ditjarioskeun dina eta boekoe, kenging disebatkeun meh sadajana dikempalkeunana sareng dipidamelan noemoetkeun piwedjang Andjeunna. Kitoe deui loba boekoe² Bale Poestaka anoe sanes anoe diwoewoehan katerangan² ti Andjeunna; malah aja boekoe anoe karangan Kangdjeng Pangeran koe andjeun, nja eta Serie No. 168 Kekesahan saking tanah Djawi dateng negari Welandi.

Oengkara sareng randjinganana eta boekoe oepami ditingali koe kasoesastran taja petana handjakal lantaran Kangdjeng Pangeran geus moal kabodjeng ngabeberes karangan, kapoeok koe damel oeroesan Nagara. Ngan moegi² bae ka pajoen, eng-

ke dimana parantos seueur prijaji aranom anoe tjoekoe pangadjaranana pikeun ngadjalankeun padamelan nagara, datang ka andjeunna rada senggang tina demel, moegi moegi wahjoe kasoesastran anoe toemoeran ka toeroenan Mangkoenagaran, eta wahjoe ngagoegahkeun deui manah Kangdjeng Pangeran kana kasoesastran, sarta Andjeunna kersa maparin karangan² ka bale poestaka, nja eta karangan² anoe nandingan kana anggitan loeloehoer Kangdjeng Pangeran.

**Djenengan Prangwedono sareng
Mangkoenagoro
kenging
R. A. Dr. Moesein Djajadiningrat**

Dina ieu panglajang Java-Instituut anoe dianggo geusan ngahormat ka Eere-Voorzitterna, anoe djimoengdjoeng kaloenggoehan tina Pangèran Adipati Ario Praboe Prangwedono kana Pangèran Adipati Ario Praboe Mangkoenagara, kawas merenah naker ninggang tempatna, oepami babadna eta doea djoedjoeloek katoet kagelaranana dipedar tjoektjroekanana, soepaja kaaroeninga djoedoelna pane gentos djenengan kaloenggoehan tea.

Eta doea djoedjoeloek tèn toeroenan ti anoe awit ngababakan karadjaan Mangkoenagara kènèh.


Kangdjeng Goesti Mangkoenagoro anoe ka I tèn poetra Pangèran Adipati Ario Mangkoenagoro; ari ieu poetra tjikal Kangdjeng Soenan Mangkoerat ka IV, anoe dina babad Djawa mah biasa diseboet Soenan Praboe Mangkoerat Djawi, ngastana karadjaan ti taen 1719 d.k. 1725.

K. G. Mangkoenagoro ka I djalanna nana keur moerangkalih Radèn Mas Said, sok dipondokkeun Mas Said; nja djeningan pangnènèh tea ari anoe kawentar ka bangsa Eropa anoe sadjaman sareng andjeunna harita mah, malah koe toekang sadjarah oerang Eropa ogè nja djenenganana eta anoe biasa diarango tèn.

Barang Mas Said parantos aja joeswa, dipaparin djenengan panglandi, Radèn

III n° 3.

448




Gambar I. Gambar heopotoero dan hampilannya Kangsieng Goestij Pangseran Adipati Ario Praboe PRANGWADONO ka VII di Soerakarta.

Pratelannya	Katrangan
1	Peti tempat wang dengan bakinja emas (bermata intan)
2	Bokor boeat bertjoetji tangan dengan bakinja emas
3	Lopak-lopak (tempat sirih) dengan bakinja emas (bermata intan)
4	Tempat rokok dengan bakinja emas (doos)
5	Kendi, moeloetnja dengan bokornja emas
6	Tempat loedah dari emas (diegloggan-tatahan mendoekoel)
7	Soemboel emas tempat rokok (tatahan)
8	Kendi dari Pohdjenggi, prabot emas *)
9	Dingklit diboeawat menarok korak tempat makoto (koeloek)
10	terseboet No. 3 di gambar II tempat sirih (terseboet No. 4 di gambar II, tjantelan sapoetangan dan sebatinja
11	2 bidji kipas boeloe merak

*) Dari tjertitjanja orang toewa-toewa, djika kendi Pohdjenggi itoe termasukna bisa, maka bisa tadi tida akan berbisa lagi.
 No. 1, 3, 4. Iroe hampilannya, akan tetapi koerang tempat loedah emas (loos atau blimbing) tida toeroet tergambar.
 2, 5, 6, 7, 8, 9, 10, 11. Iroe heopotoero, akan tetapi keerang sangkoetan sapoetangan, tida toeroet tergambar.

448 bis




Gambar II. Gambar heopotoero dan hampilannya Kangsieng Goestij Pangseran Adipati Ario Praboe PRANGWADONO ka VII di Soerakarta sama dengan gambar I dengan tambahan barang roepa: ampas, ja-itoe:

Pratelannya	Katrangan
1	Gendaga bertisi pakejan
2	Tjeret dengan bokor petak, boeat bertjoetji abis boeang aer
3	Baki perak bertisi tjenela 1 pasang
4	Tempat sirih dari kajoed dengan di tjeplok emas. boeat bekal sirih kalau berpergian djaoeh, jang terseboet No. 1 di gambar I ganti peti bertisi tjap asma, dan jang terseboet No. 4 ganti peti tempat rokok dan kipas.

111 no 3 p 52 bis

III no 3 p 52 ter



Gambar III. Gambar hoepotjoro dan hampilannja Padoeka Kangdjeng Goesti Pangeran Adipati Ario Praboe PRANGWADONO jang ka VII, di Soerakarta.

	Pratelannja	Katrangan
1	Djolen berisi sendogo (terseboet No. 1 di gambar II)	Hoepotjoro
2	Gandewa terpontang emas	"
3	Kotak makoeto (berisi makoeto = koe-lock)	"
4	Pédang kijahi Horong-horong brongsong emas terpontang soewasa	Hampilan Hoepotjoro
5	Pédang kijahi Kemeng brongsong soewasa	"
6	Pasikon (wédong) prabotnja emas	"
7	Tiker rotan pasowanan, terdoekoeng	"
8	Pajoeng bawat	"
9	Tianang (bendé) kijahi Hangoen-hangwen, di doekoeng dengan kain tjinde	"
10	Panah di doekoeng dengan kain tjinde	"


Gandaga ini ada 2, jang 1 berisi brokoh, ja-hoe makanan dan obat jang di boewat bekal, kalau berpegtan diaoeh.

448 ter




Gambar IV. Gambar koeda kendaraan hoepotjoro Padoeka Kangdjeng Goesti Pangeran Adipati Ario Praboe PRANGWADONO jang ka VII di Soerakarta.

	Pratelannja	Katrangan
1	Koeda kendaraan pandéngan prabot keradjaan di pegang kanan kiri oleh 2 orang	Hoepotjoro
2	Panah dengan endongnja didoekoeng tjinde	"
3	Gendewa prabot emas	"
4	Kipas boeloe merak	"
5	Tjarak berisi air boeat minoem koeda (tuda klatan di gambar ini)	"
6	2 bidji toembak panoeroeng	"
7	1 temboeng prabot emas	"
8	1 bidji keboet koeda	"
9	Dampar pandajaan boeat menaik koeda	"
10	Songsong koening	"
11	2 bidji toembak panoeroeng	"



Gambar V. Gambar koeda kendaraan hoepotjoro Padoeka Kangdjeng Goesti Pangeran Adipati Ario Praboe PRANGWADONO jang ka VII di Soerakarta.

Pratelannja	Katrangan
1 Koeda kendaraan Padoeka Kangdjeng Goesti prabot Watan tangan di pegang kanan kiri olih 2 orang.	Hoepotjoro
2 Kipas boeloe merak	"
3 2 bidji toembak panoeroeng	"
4 1 Temboeng prabot emas	"
5 Tjarak isi aer boeat kasih minoem koeda	"
6 Toembak tempat kijahi Maesolindoe keboet koeda	"
8 Dampar pandiatan botat menaik doeka	"
9 2 bidji toembak panoeroeng	"
10 Songsong koening	"



Gambar VI. Gambar koeda kendaraan hoepotjoro Padoeka Kangdjeng Goesti Pangeran Adipati Ario Praboe PRANGWADONO jang ka VII di Soerakarta.

Pratelannja	Katrangan
1 Koeda kendaraan pandengan keradjaan, kakopo dengan pirantinja di boengkoes bloedroe item, tida pakei kaloeng dada, semoea prabot pakei emas, boeat kalau dahoeboe kala mengadep ka Kraton	Hoepotjoro
2 Koeda kendaraan watangan, kakopo dengan pirantinja di boengkoes bloedroe idjo, pakei kaloeng dada, beroepa pananggalan emas, semoea prabot pakei emas, boeat kalau beladjar lawoeng. (tournooi)	"

no 3 p 52 quarter

4454

Mas Soerjakoesoemo, koe Kangdjeng Soenan Pakoeboewono ka II (anoe ngasta karajaan ti taoen 1726 d.k. 1749, ngagentos ramana anoe djenengan Soenan Mangkoerat ka IV tèa).

Nalika di Djawa Tengah aja hoerohara dina tengah-tengah windoe ka 18, Radèn Mas Soeriokoesoemo lolos ngantoenkeun Kartasoera, ngahidji sareng Soenan Koening, anoe harita noedjoe merangan Soenan Pakoeboewono ka II, dina mangsa anoe biasa diseboet alam perang Tjina-Djawa tèa (1740 — 1743).

Teu lami Soenan Koening iasana ngalindih Kartasoera, nja kadjabel deui koe Kangdjeng Soenan, sarta Soenan Koening sabaladna moendoer ka Randoelawang di wewengkon Mataram.

Radèn Mas Soeriokoesoemo koe Soenan Koening didjoengdjoeng didamel sènapati (leger aanvoerder) sarta djenenganana digentos Pangèran Prangwadono, hartosna kapala perang (krijgsoverste).

Nanging Pangeran Prangwadono henteu lami ngahidjina sareng Soenan Koening, ladjeng misah, nja èta nalika Soenan Koening madjeng ka tatar Wétan; ari Pangèran Prangwadono mah sabaladna ngaboedjeng ka Sokawati, sarta di dieu andjeunna koe sadaja anoe biloek ka salirana didjoengdjoeng di damel Radja, anoe djoedjoeloekna: Pangèran Adipati Anom Amengkoenagoro Sènopati ing ngalogo Soedibjaningprang, ngaraton di Modjoroto. Henteu lami kapaksa kedah ngantoenkeun deui Modjoroto, lantaran diroeroeg koe Pangèran Mangkoeboemi kalawan dawoehan Kangdjeng Sinoehoen. Nja Pangèran Prangwadono moendoer ka Segawè (Matesih). Sanadjan andjeunna dibibita sareng diwoedjoek koe K. Sinoeoen, tapi teu gedag kaanginan tetep baris teroes ngalawan. Djelema djelema anoe biloek ka andjeunna tambah tambah jaè, nja kitoe deui pangawasana tambah ljembar, nepi ka nalika keur kaleresan masanggrahan di Panambangan (Nglo-noh) djorodjoj kagoengan èmoetan hong oendak gelaran woewoeh kaagoengan, nja ladjeng nganggo djoedjoeloek Soeltan


Adiprakoso Sènopati njajoedo Lelono Djojomiseso Prawiro Adiningrat.

Tapi nganggonna djoedjoeloek kitoe tèh henteu lami, ladjeng digentos deui koe djenengan Pangèran Adipati Mangkoenagoro. Ari ieu djenengan tèh nampi ti Pangèran Adipati Mangkoeboemi tèa, sadèrèk Kangdjeng Soenan Pakoeboewono ka II, nalika arandjeunna sasarengan dina peperangan Djawa anoe ka tiloe (1746 — 1755) sarta harita kantos didamel djadi pepatihna Doepi pangeran Adipati Mangkoe boemi, nja èta anoe engkèna djoemeng Soeltan di Djogdja, djoedjoeloek Soeltan Hamangkoeboewono ka I. Dina waktos andjeunna masrahkeun salira ka Sinoehoen ping 17 Maart 1757, tetep ngagem djenengan sareng gelaran ramana.

Tah kitoe oengelnna noemoetkeun babad Djawa, toetoeran Mangkoenagara. (1) Noemoetkeun seseratan anoe ditjepeng koe Pamaréntah Agoeng, anoe titi-mangsana 5 Juni 1753 (kaoengel dina boekoe karangan toean Louw, Peperangan Djawa ka tiloe kalina, katja 76), kaoeninga jèn nalika Soenan Koening aja di Randoelawang, parantos maparin djenengan sareng gelaran ka R. M. Said, sanès Pangèran Prangwadono, nanging sapertos djenengan ramana, nja èta Pangèran Ario Mangkoenagoro.


Doepi ieu soelajana katrangan perkawis djenengan anoe pipaparinkeun ka andjeunna, moal boa lantaran R. M. Said tèh ngagemna djenengan Prangwadono henteu lami, nepi ka bangsa Eropa mah dina nalika harita teu pati atanapi sama sekali teu aroeningaeun, ari katoeroegtoeroeg dina mangsana èta katrangan didamel, R. M. Said tèh djenenganana parantos kakontjara Mangkoenagoro.

1) Babad Panambangan, kaloearan Balè-Poes No. 393 taoen 1918, katja 24, 52, 59, 67, 81, 122, sareng 171. Dinja diterangkeun jèn djenengan Said tèh sanès asal tina basa Arab: Sa'id, anoe hartosna salamet, anoe ajeuna masih kènèh dipakè ngaran, tapi ieu mah asalna tina ketjap Arab: Sjahid, hartosna: saksi; margi nalika dibabarkeunana kaksaksi koe K. Soenan, anoe maparin èta djenengan. Ramana nalika diwartosan jèn poetra rèk medal kaleresan keur ngadeuheusan di karaton, Sapanantos wiloedjeng poetrana dibabarkeun, énggal ngadeuheus deui ka karaton, oendjoek oeninga ka Sinoehoen jèn kagoengan poetra pameget.



Gambar VII. Gambar hampilan dalam hospotioro Kangjeng Geesii Panggram Adipati Nris Patoc-PRANGWADONO langka VII di Soerabarta.

	Pratelamja	Katrangan
1	Dicemenjangan dari reran, karah dan kepala sama emas.	Hampilan
2	Lampoenng kiabi Sogrow edane, pandians 1,02 c.M.	"
3	Toembak hambarangin kiabi Sogromentiar, pndia 2,20 c.M.	"
4	Songseus Sliap	Hospotioro
5	Toembak tlempak kiabi Tiokeo, pandiang . . . 3,40 c.M.	"
6	" bhandaran " Birowo " . . . 4,50 c.M.	"
7	" pamerwes 4 bidii	"
8	Tameng perak bungali emas, treplek -mimbobskoro . . . 82	Hampilan
9	perii matahari dari emas	Hospotioro
10	Senapan kiabi Karioko prabet emas	Hampilan
11	" beewis pakoi letter asma dalam 1, P. W.	Hospotioro
12	Tameng perak pakoi toembak 6 bidii	"
13	Senapan kiabi Bromesoro	"
	" Hadisoro	"



Gambar VIII. Gambar hampilannya Padoska Kangjeng Ratoc TIMQER swami Padoska Kangjeng Geesii

	Pratelamja	Katrangan
1	Tempat leedah dari emas (laos)	Hampilan
2	Tempat sirih	"
3	Peten tempat wang dari emas	"
4	Beker becat berisefiji tangan dengan bakinja pakoi pisas, garpoe, seniek dan tempat salwen, semeka dari emas	Hospotioro
5	Satow stel focat mincem thee dengan bokornja dari emas	"
6	Kandi prabet dari emas dengan bokornja dari emas	"
7	Kalau di Solo di namai tempat rekoh. (kalau di Djepih di namai tempat sapoe tangan).	"
8	Tempat leedah dari emas (djegleggan-tarahan mendeskeke).	"
9	Soemboel besar tempat makanan (bokornja dari emas)	"
10	Tempat batak ketjil becat mincem obat dari emas	"
11	Soemboel ketjil berisi gelas minseman	"
12	Lantjang tempat sirih selengkanja	"

III no 3 p 53 bis

469 bis

doetna anoe sanget-sanget, sakoemaha anoe ditjarioskeun dina Babad Panambangan, soepados andjeunna tetep ngagem djenengan sareng gelaranana anoe parantos dianggo nja éta Pangèran Adipati Ario Mangkoenagoro. (11)

Ari Mangkoenagoro anoe ka 1 digentos koe poetoena anoe djenengan Prang Wadono. Ieu teh poetrana Pangeran Ario Praboe Widjojo atanapi Amidjojo, nja poetra Mangkoenagoro ka I tèa, anoe geus poepoes saheulaeun ramana, ti garwana anoe djenengan Ratoe Alit poetra Soenan Pakoeboewono ka III (1749 — 1788) (12).

Awitna koe Mangkoenagoro I éta poetoena tèh dipaparin djenengan keurna moerangkalih R. M. Slamet dilandih Soerjo Mangkoeboemi. Nanging henteu karempagan koe K. Soeltan Hamangkoeboewono ka I ti Djogdja, anoe tadina djenenganana Mangkoeboemi deui. Nja digentos deui koe Pakoeboewono ka III djadi koe èjang ti iboe koe djennengan Soerjo Prangwadono (dina taoen 1788), tetela sapertos djenengan anoe parantos dianggo koe Mangkoenagoro ka I (11).

Samèmèhna Prangwadono. ditangtoskeun kana bakal ngagentos Mangkoenagoro I, andjeunna kedah ngabarempagkeun sareng kedah kènging kapoatoesan heula tina roepi-roepi perkawis, anoe ha-

¹¹⁾ De Jonge X katja 315, 316. Rouffaer kahroe katranganana dina Encycl. v. Ned. Indie (1e druk djilid ka IV katja 602 sareng 604 (noot 2) njabatkeun M. N. I. diangkat djadi Pangeran Adipati teu nganggo Ario sareng njabatkeun tara nganggo eta gelaran. Sajaktosna M. N. I. teh noemoelkeun saksi anoe sanes nganggo Ario, ngan dina mangsana sareng dioeroeskeun gelaranana, ngan disebut Pangeran Adipati. Ari sababna pang kitoe lantaran gelaran éta ogè geus tjoekoop. Dalah dina Babad Djawa, nja eta Babad Panambangan wedalan Mangkoenaran, ngarah pondok nja M. N. I. teh disebutna teu nganggo Ario. Tapi aja deui katrangan anoe nangtoskeun jen sanes organ Ario. bae, nanging nanggo gelaran sagemblengna Pangeran Adipati Ario. Tingali bae translaat-brief Mangkoenagara keur ka v. Imhoff taoen 1746. B. K. I. I katja 404. Dina karangan Louw 76, taoen 1753. Dina de Jonge X 386 taoen 1762; ibid XI 235, taoen 1772; ibid XII 10 taoen 1781. sareng tingali deui de Jonge XI 32 sareng 406 taoen 1765 sareng 1780; ibid XII 87, tahoen 1787.

¹²⁾ Babad Panambangan katja 212 njabatna: Widjojo; ari de Jonge XI katja 34 (Praboe Amidjojo). M. L. v. Deventer. Het Ned. gezag over Java I katja 335: Adwidjojo Dina serat Resident Solo, anoe kaoengel engke dihandap taoen 2821: Praboe Amidjojo.

¹³⁾ De Jonge XII katja 152-153. Djenengan Soerjokoesoemo rè oerang Eropa harita anoe tarangeun.

rita teu atjan aja katangtosanana. Nja éta nalika Mangkoenagara ka I masrahkeun salira taoen 1757 tèa, teu atjan aja kapastian, tanah tanah anoe parantos ditjepeng koe andjeunna, nja kitoe deui gelaranana Pangèran Adipati tèa, naha kènging toeroen toemoeroen ka poetra-poetoena atanapi henteu.

Eta perkawis nembè dina taoen 1792 koe Kangdjeng Sinoehoen sareng koe Mangkoenagaran tiasa dipoetoes kalawan kaberesan, nja éta tanah mah tetep djadi milik toeroen-toemoeroen ka poetra-poetoe Mangkoenagaran, nanging ari gelaranana Prangwadono, moeng kènging Pangeran baè sanès Pangeran Adipati. Djadi nalika Prangwadono didjoengdjoeng loenggoeh djadi Radja Mangkoenagaran dina ping 25 Januari taoen 1796, ngagentos èjangna tèa anoe poepoes dina ping 28 December 1795, djoedjoeloekna Pangèran Ario Praboe Prangwadana.

Nembè dina Resol dd. 30 October 1821 No. 17, ditangtoskeun jen Pangeran Ario Praboe Prangwadono kènging djenengan sareng gelaran Pangeran Adipati Mangkoenagara.

Dina timbangan harita henteu matak djadi wagelan, Mangkoenagara kènging gelaran Pangèran Adipati, margi poetra-poetra Radja sabèh-ditoeun andjeunna ogè parantos ngaranggo gelaran éta, sarengna deui benten ti Pangeran Adipati Anom, anoe djadi gelaran pikeun ka poetra Soenan atawa Soeltan anoe parantos digadag baris pinèmaeun kaprabon.

Harita ditangtoskeun deui jèn éta gelaran henteu kènging ditoeroenkeun ka Prangwadono anoe sapengkereunana samèmèh joeswana djedjeg 40 taoen, sarta oepami katimbang saè taladjakna iasa njangga kamoeljanana. Dina serat katangtosan basa Djawana anoe ti toean Residen, kaoengel jen djenengan sareng gelaran Pangèran Adipati Ario Mangkoenagoro tèh koe Kangdjeng Goepernemen, moal dipaparinkeun ka anoe sanès, kadjab ti ka toeroenan Pangeran Ario Praboe Prangwadono.

Ieu katetapan anoe djadi poko ti awit tetepna gelaran anoe djadi pangagoeng di

Mangkoenagaran, nja èta Pangèran Ario Praboe Prangwadono, (teu nganggo Adipati) ngawitan djenengan sareng gelaran anoe moenggaran djadi kapala Pamarentah, anoe engkèna djoemeneng Mangkoenagara II, sarta anoe djoedjoeloekna bakal toeroen ka anoe sapengkereunana.

Pikeun ka anoe djoemeneng Radja mah aja, panambah kana èta djenengan sareng gelaran tèh nja èta Adipati, djadi djoedjoeloekna Pangeran Adipati Ario Praboe Prangwadono. Sareng oepami joeswana parantos 40 taoen nembè djinoendjoeng djadi Pangeran Adipati Ario Mangkoenagoro.

Koe margi èta Mangkoenagoro anoe ka III dina taoen 1830, dipaparin gelaran Pangeran Ario Praboe Prangwadono. rèh parantos digadang-gadang kana pidjadiaeun Radja, nalika Mangkoenagoro ka II djoemeneng keneh. Dina taoen 1835 nembè djinoengdjoeng Radja ngagentos Mangkoenagara ka II, djoedjoeloekna ajeuna mah Pangèran Adipati Ario Praboe Prangwadono, sarta dina taoen 1842 saporantos joeswana 40 taoen (ngètangna taoen Arab, margi ari dibabarkeunana mah taoen Masehi 1803), ladjeng djinoengdjoeng djadi Pangeran Adipati Ario Mangkoenagoro.

Nalika Mangkoenagoro anoe ka VI dina taoen 1896 didjoengdjoeng loenggoeh djadi Radja, ngagentos sadèrèkna Mangkoenagoro ka V, heteu kènging gelaran Pangèran Ario Praboe Prangwadono heula, margi joeswana parantos langkoeng ti 40 taoen.

Ajeuna perloe ogè ditjaroskeun naon margina anoe mawi Radja Mangkoenagaran nembè kènging nganggo djenengan Mangkoenagoro, oepami joeswa parantos 40 taoen.

Eta atoeran kitoe tèh noelad adat Islam, nja èta lantaran Kangdjeng Nabi ogè nembè dina joeswa 40 taoen kaloengsoeranana wahjoe Pangèran. Tapi naon anoe djadi margi pang aja dina katetepan joeswa sakitoe, èta koe djisim koering henteu atjan katjoektjroek.

Dina seratna toean Resident Soerakarta ping 30 Oktober 1821 No. 17, anoe dianggo njarengan pioendjoek poatoesan èta per-

kawis, kaoengel deui sabagian salinan tina anoe djadi katetepan tèa, ngan henteu diterangkeun.

Ieu di handap kawas tiasa ogè dianggo katrangan.

Dina taoen 1792, nalika ngatoer pignentoseun Mangkoenagara I, sakoemaha anoe parantos kaoeninga, harita aja pambengan pikeun noeroenkeun gelaran Pangeran Adipati ka noe ngagentos; nanging ari djenengan mah, oepami hojong nganggo djenengan sanes ti Prangwadono, teu aja pambenganana; djadi oepami bade nganggo djenengan Mangkoenagara oge teu aja sawijos. Menawi pangna teu aja pambengan nganggo djenengan Mangkoenagoro teh, doemeh hese ngoekoehana anoe djadi sabab pikeun ngalarang nganggo eta djenengan, reh parantos dianggo koe ejangna sareng boejoetna Prangwadono; nanging ari nganggo gelaran Pangeran Adipati mah katimbang kirang sae. Ari margina djenengan Pangèran Adipati Anom Hamengkoenagoro teh, doegi ka ajeuna oge, djenengan anoe pingagentoseun Soesoehoenan. Nalika harita, boh dina soesoeratan boh dina tjarjos (sasaoeran) tatjan dibentenkeun Hamangkoenagara sareng Mangkoenagara; nalika tatjan matoeh Hamangkoenagara toedjoeh pignentoseun Soesoehoenan, ari Mangkoenagoro noe djadi Radja di Mangkoenagaran.

Eta doea djenengan hartosna sami, nja eta „anoë mangkon nagara”, dianggonana dina alam harita sok patjorok keneh, sakapeung keuna ka Pangeran Adipati Anom ran. Nanging ti harita kènèh ogè parantos mimiti katingal bèntenna eta doea djengangan baris tetep.

¹⁷⁾ Soemangga bandingkeun sareng Poatoesan Pamarentah Agoeng, ping 5 Juni 1953 „..... dipasehan dicooetes jen mas Said meunang nganggo eta gelaran (P. A. Mangkoenagara), sarta henteu meunang aja anoe wani gana² njaboet eta gelaran „.....” dina boekoe Louw, katja 77.

¹⁸⁾ Mangkoenagoro henteu nganggo „ka” anoe dianggo keur ka Pangeran Adipati Anom, ajana dina de Jonge IX 27 sareng 45 taoen 1719.—, sa-XI 402 taoen 1740; anoe nganggo „ha”: dina de Jonge keneh X 320 taoen 1752.— Ari Hamangkoenagoro anoe dianggo keur ka Radja mangkoenagaran, sapertos dina petikan tina „Acte van Ceremonieel” taoen 1795 dina boekoe Rouffaer katja 406 dina Roorda, Jav. brieven enz. katja 29,61,280 (dina awalna windoe ka 19). Katembong pisan dina atoeranana njerat, jen ngahadja merioeta rarangken „ha” tea.

Doepi bentenna moeng saeutik pisan nja eta „Anom” sareng „Ario”. Nanging eta doa gelaran anoe djadi bentenna tea, ari dina sasaoeran mah sok tara kesebat-sebat; nja kitoe deui ladjengna gelaran Pangeran Adipati Anom, nja eta: Soedibjo Rodjopoetronarendro Mataram eta ogè tara disebat, ari dina sasaoeran mah.

Oepami koe oerang diemoetkeun. jen ramana Mangkoenagoro I teh, nja eta poetra Soesoehoenan Mangkoerat IV, djenenganana Mangkoenagoro „..... gelaran anoe dianggo koe ramana nalika Soesoehoenan Pakoeboewono (I) djoemeneng keneh, (19) djadi eta djenengan sami sareng djenengan Pangeran Adipati Anom; koe margi eta pantès pisan dina taheun 1792, aja pambengana noeroenkeun gelaran Pangeran Adipati ka Prangwadono, margi Mangkoenagoro I mah kenging soteh eta

¹⁹⁾ Dina de IX katja 46.

gelaran, minangka oepah, doemeh andjeunna kersaeun taloek.

Anggapan kana kaloehoeran djenengan Pangeran Adipati Ario Mangkoenagoro panginten nja eta anoe djadi sabab, noe mawi dina taheun 1821 aja atoeran: eta gelaran kakara baris dipasihkeun ka Radja Mangkoenagara anoe parantos aja joeswa bae.

Nanging dina babad anoe ajeuna aja, teu kapendak aja katangtosan hal joeswa. Mangkoenagoro (I) nalika kenging eta gelaran dina joeswa 31 taheun Islam; Mangkoenagoro II dibabarkeunana dina ping 2 Januari 1768, (20) kengingna gelaran koe voorstel Resident, nalika joeswa 40 taheun langkoeng. Panginten eta margina, noe mawi ajeuna aja katangtosan hal joeswa „panganomna” oge kedah 40 taheun.

Weltevreden, Augustus 1924.

²⁰⁾ Rouffoer



III 1883

57

453